ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№115 (23.773) • 2018 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 20, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# ФокIадэм и 20-р: Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэщ Адыгэшым и дунейпсо махуэщ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм и щIыхькIэ цIыхухэм ЗЭРЕХЪУЭХЪУР

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэмкIэ!

А махуэшхуэр республикэм и жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу щытщ. Абы къегъэлъагъуэ адыгэ лъэпкъым лIэщIыгъуэ куэд зи ныбжь гъуэгуанэ къызэрызэпичар, ар быдэу пыщIащ лъэпкъым зыми емыщхь и зэхэтыкIэр хъумэным, адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэм зиужьынымкIэ щыIэ Iэмалхэм зегъэужьыным, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зи адэжь щIыналъэу щыт дэтхэнэ зыми хуаIэ пыщIэныгъэм зегъэубгъуныр нэхъ куу щIынымрэ. МыхьэнэшхуэзиIэ а Iуэхухэр щытащ икIи къонэж дэ гулъытэ нэхъыбэ зыхуэтщIхэм ящыщу. ДяпэкIи сыт и лъэныкъуэкIи ядэтIыгъынущ адыгэ лъэпкъым и бзэр, и щэнхабзэр, къыдекIуэкI зэхэтыкIэр хъумэнымрэ абы зегъэужьынымрэ хуэунэтIа жэрдэм нэхъыфIхэр. Ахэр зэдгъэхъулIэным лъабжьэ быдэ къыхузэрегъэпэщ Урысей къэралыгъуэм, абы и щIыналъэм щыпсэу лъэпкъ псоми заужьынымкIэ шэсыпIэ иувэм.

Шэч къытесхьэркъым Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр гъэлъэпIэным адыгэ лъэпкъыр нэхъри зэкъуэувэным, зэгъунэгъухэм яку дэлъ зэхущытыкIэфIхэр гъэбыдэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм зызэхащIыкIыу, пщIэ зэхуащIу щытыным цIыхубэр зэрыхузэщIигъэуIуэнур.

Адыгэ лъэпкъым, республикэм щыпсэу псоми си гум къыбгъэдэкIыу сохъуэхъу мамырыгъэ, насып, зэIузэпэщыгъэ яIэну.

## КъБР-м и Iэтащхьэр ДАХ-м и унафэщIхэм яхуэзащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм щахуэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и унафэщIхэмрэ ДАХ-м и Конгрессым хэтын папщIэ Налшык къыщызэхуэса делегатхэмрэ.

ЗэIущIэм кърихьэлIащ ДАХ-м и президент Сэхъурокъуэ Хьэутий, Адыгейм, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ усакIуэ, СССР-м, Урысейм я Къэрал саугъэтхэр зрата, жылагъуэ лэжьакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, ДАХ-м и вице-президентхэу Бурсэ Реджами, Бырсекъуэ Орфан, ДАХ-м и гъэзэщIакIуэ комитетым хэтхэу Думэн Iумит, Хэкужь Мухьэмэд, Тхьэухъу Зухьеир, Иорданием и лIыкIуэ Жэмбэч Зухьдий, Европэм щыIэ кавказ зэгухьэныгъэхэм я федерацэм и тхьэмадэ ДыщэкI Эртан, Кавказ зэгухьэныгъэхэм я Европэ федерацэм хэт Шорэ Маисэ сымэ.

Европэм, Тыркум, Израилым, Иорданием, Сирием щыIэ адыгэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр тепсэлъыхьащ ди хэкуэгъухэм щыпсэу къэралхэм щызэфIагъэкIхэм, адыгэ лъэпкъыр хъумэнымкIэ къэув къалэнхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэгъэзауэ ДАХ-м и Конгрессым и делегатхэм къыхагъэщхьэхукIащ ди щIыналъэм социально-экономикэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкIэ ехъулIэныгъэшхуэхэр зэрыщыIэр, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным къаруушхуэ зэрырахьэлIэр.

НэгъуэщI къэралхэм щыIэ адыгэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэм къабгъэдэхуэ къалэнхэр тэмэму къазэрыгурыIуэм папщIэ фIыщIэ яхуищIри, КъБР-м и Iэтащхьэм хэхауэ жиIащ адыгэ лъэпкъым и Iуэхухэр дэгъэкIыным хуэгъэзауэ зэрызэдэлажьэр адэкIи егъэфIэкIуапхъэу къызэрилъытэр.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

### КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Воронин В. В.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыналъэ бюджетым и хэхъуэхэр къызэщIэгъэуIуэным хуэгъэзауэ суд приставхэм я IуэхущIапIэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным, IэщIагъэлIхэр къызэрыхахым пыщIа Iуэхухэр зэгъэуIуным, федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэр хабзэхъумэ, къэпщытакIуэ IэнатIэхэм нэхъ тэмэму ядэлэжьэнымкIэ хэкIыпIэхэм. Апхуэдэу республикэм и къэрал властым и органхэмрэ федеральнэ къулыкъущIапIэмрэ зэщIыгъуу зэгугъуну Iуэху щхьэхуэхэр яубзыхуащ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***



*Сурэтыр* ***Къарей Элинэ*** *трихащ.*

## Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Зэхуэсышхуэ

**ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым дыгъуасэ щызэхэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Конгрессыр. Абы ДАХ-м блэкIа илъэсищым зэфIигъэкIахэр къыщапщытэжащ, зэман благъэм къапэщыт къалэнхэр щаубзыхуащ. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ ДАХ-м и тхьэмадэу илъэс куэдкIэ лэжьа Нэхущ Заурбий. Зэхыхьэшхуэм къеблэгъащ Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, хамэ къэрал зыбжанэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я лIыкIуэхэр.**

КОНГРЕССЫМ и Президиумым хэсащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий**, КъШР-м и Правительствэм и тхьэмадэ **Уэзы Аслъэн**, УФ-м и Президентым Къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэм и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ **Мартынов Вадим**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и Аппаратым и департаментым и унафэщI **Глущенкэ Владимир**, Адыгейм и лIыкIуэ **Щхьэлахъуэ Аскэр**, **МэшбащIэ Исхьэкъ**, **Нэхущ Заурбий**, ДАХ-м и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ зы **Рэджаб Фатхьи** (Тырку) сымэ.

КIуэкIуэ Юрий ДАХ-м и зи чэзу зэхыхьэшхуэм кърихьэлIа делегатхэм гуапэу фIэхъус ярихащ икIи ехъуэхъуащ дуней псом щыпсэу адыгэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхуэсыр купщIафIэ, щхьэпэ хъуну.

ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** Конгрессым хэтхэм зыубгъуауэ яхутепсэлъыхьащ иужьрей илъэсищым ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм. А пIалъэм къриубыдэу ДАХ-м и Ревизионнэ комиссэм зэфIигъэкIахэр къызэщIикъуэжащ **Адэмокъуэ Альберд**.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэр къытеувыIащ адыгэм и Iуэху дэкIыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм, лъэпкъым къылъыкъуэкI гугъуехьхэм хэкIыпIэ яхуэхъунухэм. Зэхуэсышхуэм хэта делегатхэр зэдэарэзыуэ ДАХ-м и тхьэмадэу хахыжащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Вице-президенту хахащ Щоджэн Iэминат, Хасэм и гъэзэщIакIуэ комитетым хагъэхьащ Табыщ Муратрэ Щомахуэ Залинэрэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ**.

## ЦIэ лъапIэр къыфIащащ

Урысей Федерацэм и Президентым 2018 гъэм фокIадэм и 10-м къыдигъэкIа Указ №513-мкIэ **Къаздэхъу Альберт Билал и къуэм**, Урысей Федерацэм пхъэщхьэмыщхьэ, мэракIуэхэр, жыгыщIэхэр щызыгъэкIхэм я ассоциацэм и вице-президентым, «Бахъсэн и жыг хадэхэр» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэр къызэзыгъэпэщам, мэкъумэш IэнатIэм фIыщIэ ин зэрыщиIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ къыфIащащ «Урысей Федерацэм и мэкъумэш хозяйствэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2018 гъэм фокIадэм и 27-м екIуэкIынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ тхьэмадэ



♦**1934 гъэм** щIышылэм и 1-м - Кавказ Ищхъэрэ крайм хыхьэ Шэрджэс автоном областым (иджы Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм) щыщ Абазакт къуажэм къыщалъхуащ.
♦**1942 - 1944 гъэхэм** - Абазакт къуажэм дэт школым и еджакIуэщ.
♦**1945 - 1949 гъэхэм** - Черкесск дэт курыт школ №9-м, иужькIэ №2-м щеджащ.
♦**1949 - 1952 гъэхэм** - Черкесск дэт медучилищэм и студентщ. «Фельдшер» IэщIагъэр иIэу къиухащ.
♦**1952 - 1954 гъэхэм** - Калининым и цIэр зезыхьэ Ленинград юридическэ институтым и студентщ.
♦**1954 - 1957 гъэхэм** - Ждановым и цIэр зезыхьэ Ленинград къэрал университетым и юридическэ факультетым и студентщ.
♦**1957 гъэм** и мэкъуауэгъуэм - Ждановым и цIэр зезыхьэ Ленинград къэрал университетыр къиухащ, «юрист» квалификацэр, «правоведение» IэщIагъэр иIэу.
♦**1957 - 1959 гъэхэм** - Ставрополь крайм хыхьэ Къэрэшей-Шэрджэс автоном областым и Хьэбэз районым и цIыхубэ судыщIэщ.
♦**1959 - 1962 гъэхэм** - Курскэм и цIэр зезыхьэ Саратов юридическэ институтым и аспирантщ.
♦**1962 - 1989 гъэхэм** - Курскэм и цIэр зезыхьэ Саратов юридическэ институтым граждан хуитыныгъэмкIэ и кафедрэм и ассистентщ, егъэджакIуэ нэхъыжьщ, доцентщ, иужькIэ абы и унафэщIщ, и профессорщ.
♦**1963 гъэм** и дыгъэгъазэм - кандидат диссертацэр щыпхигъэкIащ Харьков юридическэ институтым икIи «юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат» цIэр къыфIащащ.
♦**1970 гъэм** - «Псэ хьэлэл лэжьыгъэм папщIэ» медалыр къратащ.
♦**1970 гъэм** и жэпуэгъуэм - и доктор диссертацэр щыпхигъэкIащ Харьков юридическэ институтым икIи «юридическэ щIэныгъэхэм я доктор» цIэр къыфIащащ.
♦**1986 гъэм** и мэлыжьыхьым - «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр къратащ.
♦**1989 - 1992 гъэхэм** - СССР-м и цIыхубэ депутатщ.
♦**1991 - 1993 гъэхэм** - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ.
♦**1992 - 1993 гъэхэм** - Уней хуитыныгъэмкIэ къэхутэныгъэ центрым и советым и унафэщIым и къуэдзэщ.
♦**1992 гъэм** - Къэбэрдей лъэпкъым и конгрессым и унафэщIщ.
♦**1993 гъэм и шыщхьэуIум - 1994 гъэм и дыгъэгъазэм** - Урысей Федерацэм юстицэмкIэ и министрщ.
♦**1994 гъэм дыгъэгъазэм** къыщыщIэдзауэ - Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатщ.
♦**1994 гъэм** - «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр къыфIащащ.
♦**1995 гъэм и накъыгъэм** къыщыщIэдзауэ - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ.
♦**1995 гъэм и дыгъэгъазэм** къыщыщIэдзауэ - Уней хуитыныгъэмкIэ Урысей еджапIэ нэхъыщхьэм и ректорщ.
♦**1997 гъэм** щIышылэм и 16-м - Минводы къалэм дунейм щехыжащ.

# Вагъуэм и лъэужьыр

**1997 гъэм щIышылэм и 16. Адыгэу дунейм тетым я дежкIэ ар хъуащ хъыбар гуауэ къахуэзыхьа махуае. Лъэпкъыпсо лIыхъужь хъуа Къалмыкъ Юрий и гур къэувыIащ абы щыгъуэ. Вагъуэр ижами, абы идза нурым и лъэужьыр куэдрэ иджыри хэгъуэщэнукъым.**

ПОЛИТИК цIэрыIуэм, щIэныгъэлI щыпкъэм бгъэдэлъа зэфIэкIхэм куэд тепсэлъыхьащ. Ар дунейм щехыжам Урысей Федерацэм и щIэныгъэлI пажэхэм, къэрал, политикэ лэжьакIуэшхуэхэм псалъэ дахэ куэд хужаIащ. Ар ялъытэрт акъылышхуэ зиIа цIыху жыжьаплъэу, къэралым и къэкIуэнум папщIэ зигури зилри уз хэкупсэ нэсу.

Абхъаз лъэпкъым хуищIам фIэкIа нэгъуэщI зы Iуэху КъалмыкъыМ зэфIимыгъэкIами, дэ къыдбгъэдэкI фIыщIэм кIэ иIэкъым. Ди лъэпкъ щхьэхуитыныгъэм дапщэщи къыщхьэщыжа политикхэм ящыщащ ар. Ардзинбэ Владислав, нэгъуэщI политикхэм, щIэныгъэлI-экспертхэм я гъусэу абы иубзыхуащ ди лъэпкъыр зрикIуэну гъуэгур, ар конституцэ хабзэхэм тригъэувэу, ди зыужьыныгъэмрэ зэIузэпэщыгъэмрэ игъэнэхъапэу. Кавказым ис лъэпкъхэми, Урысейми, дуней псоми щызэлъащIысащ, ДАХ-м и президенту щыту, абы ЩIы хъурейм щикъухьа адыгэхэм зэрызахуигъэзар, щытыкIэ гугъум ихуа абхъазхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуну къыхуриджэу. Абы и псалъэм игъэпIейтеяуэ щыташ зэрыадыгэ дунейуэ. Абы иужькIэщ абхъазхэм я телъхьэу зауэм адыгэхэр къыщыхыхьауэ щытар. ЩIалэ куэд фронтым Iухьауэ щыташ, Къалмыкъым Налшык къыщызэригъэпэщауэ щыта апхуэдэ пэкIум икIри.

Куржы-Абхъаз зауэр иуха нэужьи, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат къалэнхэр ирихьэкIыу, Къалмыкъ Юрий мызэ-мытIэу къыщхьэщыжащ Абхъазым, хабзэм къемызэгъыу абы тралъхьа экономикэ къуэдыхэр трыригъэхыжыну. Бгырыс лъэпкъым къыхэкIа лIы нэсым и лъэбакъуэт абы ичар, Шэшэн зауэр яублэну къащта унафэр ядимыIыгъыу, и къулыкъу лъагэр къыщигъэнам щыгъуи. Абы ехьэлIа зы Iуэхугъуэ сигу къэзгъэкIыжынщ.

1995 гъэм накъыгъэм и 14-м сэ, Абхъаз телевиденэм и режиссёр нэхъыщхьэ Гамгие Амиран си гъусэу, згъэхьэзырырт Къалмыкъ Юрий и интервью. Ар республикэм щыхьэщIэрт, а махуэхэм зи илъэс 50-р зыгъэлъапIэ Ардзинбэ къригъэблэгъауэ. Гупыр дыздэщыIэр Новый Афон щыIэ къэрал дачэрт. Къалмыкъым гукъыдэж хъарзынэ иIэт, абы жэуап купщIафIэ икIи убгъуа къаритырт си упщIэхэм. Гу зэрылъыстати, политик цIэрыIуэр хуабжьу ирипIейтейрт Шэшэным щекIуэкIхэм. Абы хэкIыпIэу иIэу къилъытэр зыт: зауэр щыгъэтауэ политикэ IэмалхэмкIэ мамырыгъэм хуэкIуэжынырт. Эфирым папщIэ нэтыныр дгъэхьэзыра нэужь, Къалмыкъыр гупсэхуу къытхутепсэлъыхьыжащ зауэр щIидзэн ипэ Шэшэным кIуэуэ Дудаев Джохар зыхуигъэзауэ зэрыщытам. «Шэшэным, Кавказ псом а зауэм къахуихьынур сщIэрт сэ, арщхьэкIэ, си гугъуехьхэм зыри къикIакъым...» - гущIыхьэу жиIэрт абы. Тхыдэдж Анчабадзе Юрий зэрыжиIауэ, Къалмыкъыр апхуэдизу жыжьэ плъэ политикти, дэтхэнэ Iуэхугъуэм зэрызиужьынури абы къикIынури ищIэрт. Апхуэдэ зэхэщIыкI куу зиIэ куэдрэ къахэкIыркъым политикхэм.

Ди зэIущIэм и кIэухыу Къалмыкъыр къызэлъэIуащ Абхъазым и цIыхубэ усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ Шинкубэ Бэгърат хуэзгъэзэну. АбыкIэ хъыбар зэзгъэщIа Бэгърат гукъыдэжышхуэ иIэу къыIущIащ икIи а тIур сыхьэтым щIигъукIэ тепсэлъыхьащ абхъаз, адыгэ тхыдэхэм, Кавказ щIыналъэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэм. Шинкубэ Юрий хуиIуэтащ и творческэ гурылъхэр. Лъэпкъ литературэм и зыужьыныгъэм фIыуэ щыгъуазэ Къалмыкъми тхакIуэ цIэрыIуэм чэнджэщ гуэрхэр иритырт, езым къыжриIэхэм ящыщи иIыгъ блокнотым иритхэрт. Гухэхъуэт а тIум, зыщыщ лъэпкъхэм я цIыхушхуитIым, я псалъэмакъым укIэлъыплъыну. Ар купщIафIэт, хьэлэмэтт, гупсысэщIэ куэд къыщыунэхурт.

Абхъаз лъэпкъым и цIыху цIэрыIуэ куэдым апхуэдэу япыщIат Къалмыкъыр. Абы хужаIэ псалъэхэм ящыщт «нарт лъахэм и бын пажэ», «зи гум и нурымкIэ дунейр зыгъэнэху», «зи дамэпкъыр къытщIэзыгъакъуэ ди къуэш лъапIэ», н.къ.

Ди къалащхьэ Сыхъум и уэрамхэм ящыщ зым нобэ зэрехьэ а адыгэлI щэджащэм и цIэр. Ди мурадщ абы и фэеплъ сыни къалэм щыдгъэувыну. Къалмыкъ Юрий иIэта лъэпкъ ныпыр зыIэпыдгъэхункъым, мамырыгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ хуэгъэпсауэ щыта абы и гупсысэхэр нахуапIэ щIыным дыхущIэкъунщ.

**ЗАНТАРИЕ Владимир**,
*усакIуэ, публицист,*
*тхыдэдж, Урысей щэнгъуазэхэмкIэ Академием*
*щIыхь зиIэ и академик, «Абхъаз - Кавказ Ищхъэрэ»*
*щэнхабзэ фондым и тхьэмадэ.*




**Дэтщ Черкесск къалэм Къалмыкъ Юрий и фэеплъ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**НЭГУМЭ Умар**

# Си лъахэ

**Сыщыщ Iэлъми анэ бгъафэм,**
**Уи быдзышэщ сызэфар.**
**КъегуэпэкIыу мы си**
**щхьэфэм,**
**Уи Iэгу хуабэрщ**
**къыдэплъар.**
**Уэ уи гуащIэрщ псэ**
**къысхилъхьэу**
**Мы си лъынтхуэм из**
**къэпщIар,**
**Уэ бдэсчахэрщ сэ лъэбакъуэу**
**IэфI ди гъащIэр сщызыщIар.**
**Уэращ си нэм, си псэм хуэдэр**
**Уэрщ си дыгъэу**
**къысхуепсар.**
**Уэращ си гур зыдэуардэр,**
**Ар уи щIыхьырщ**
**зыщIэкъуар.**
**Си хэку дыщэ, насып защIэ,**
**Iуэху уиIэнкъым зэзмыкун,**
**Сэ уэр папщIэ стынущ**
**гъащIэр,**
**Сыкъэмыхъуу зэ Iэнкун.**
**Ауэ нобэкIэ уи щIыхуэу,**
**Си Хэку, Iэджэ къыстенащ.**
**Уи губгъэни къыстемыхуэу**
**Ар спшыныжмэ, сыунащ.**

# Адыгэхэм къытхужаIахэр

АДЫГЭЛIЫМ и къару илъыгъуэм деж цIыхубзыфэ къытезыгъэуэн псоми, уеблэмэ щхьэгъусэмрэ бынымрэ ябгъэдэсу унэм щIэсыным, зыщедзей. Абы къыхэкIыу, щIыIэри, хуабэри, мэжалIэри къыфIэIуэхукъым, тхьэмахуэ бжыгъэкIэ гъуэгу тетыфынущ, ихъуреягъыр тхъапIэу щытми, ху къэлътмакърэ зы псы фэндрэ фIэкIа гъуэмылэу хуэмыныкъуэу. Жыжьэ къикIа цIыху игъэхьэщIэмэ, е, махуэшхуэм и хьэтыркIэ, хабзэм зыдригъэкIу хъумэщ абы тыншыгъуэ гуэр зригъэкIуалIэу щыплъагъур. Ауэ и ныбжьыр хэкIуатэмэ, и шыIэныгъэр нэхъ къегъэлалэ. Абдежращ абы гъащIэм и IэфIыр зыхищIэу псэууэ гу щылъыптэр. ДэнэкIи щыболъагъу унагъуэ насыпым и щапхъэу щхьэгъусэм, быным, къуэрылъхупхъурылъхухэм къаухъуреихьу хьэблэм дэс дадэ жьыщхьэ махуэхэр.

**СПЕНСЕР Эдмунд**,
*инджылыз тIасхъэщIэх. 1830 гъэ*



«Хэкум и пащхьэм щиӀэ фӀыщӀэм папщӀэ» орденым и III нагъыщэр УФ-м и Президент Путин Владимир къыщрита махуэм. *2001 гъэ.*

# Зи гуащӀэр ин

**Адыгэ тхакӀуэ, усакӀуэ щэджащэ, жылагъуэ лэжьакӀуэ цӀэрыӀуэ МэшбащӀэ Исхьэкъ и къалэмыпэм къыщӀэкӀащ тхыгъэ купщӀафӀэ куэд - усыгъэ телъыджэхэр, роман гъуэззэджэхэр, ахэр Адыгейм и литературэм и лъагапӀэ хъуащ, ди лъэпкъым и цӀэмрэ и пщӀэмрэ жыжьэ щагъэӀуащ.**

ИСХЬЭКЪ и усыгъэхэр гъэнщӀащ гъащӀэм и пэжыпӀэкӀэ, уи акъылыр зыгъэлажьэ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къозыт гупсысэ жанхэмкӀэ. ТхакӀуэм и романхэм лъабжьэ яхуэхъуар адыгэ тхыдэрщ - пасэрей адыгэ дзэпщ Ридадэ деж къыщыщӀэдзауэ XIX лӀэщӀыгъуэм къэс.

МэшбащӀэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэр Краснодар куейм хыхьэ Щхьэщэхуж къуажэм 1931 гъэм накъыгъэ мазэм и 28-м къыщалъхуащ. 1951 гъэм Адыгей педучилищэр, 1956 гъэм Москва дэт Литературэ институтыр къиухащ, КПСС-м и ЦК-м деж щыӀэ Парт школ нэхъыщхьэм щеджащ, «Социалистическэ Адыгей» газетым щылэжьащ. 1962 гъэ лъандэрэ МэшбащӀэ Исхьэкъ Адыгейм и ТхакӀуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэщ, ди къуэш республикэм къыщыдэкӀ литературэ журналхэм я редактор нэхъыщхьэщ; депутатхэм я Адыгей, Краснодар советхэм, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэтащ.

МэшбащӀэ Исхьэкъ и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьащ тхылъиищэм щӀигъу, абыхэм ящыщ куэд нэгъуэщӀ лъэпкъхэм я бзэхэмкӀэ зэрадзэкӀащ. ЦӀэрыӀуэ дыдэ хъуащ Исхьэкъ и романхэр - «Щэрэ езанэ щхьэдэхыпӀэ», «Ягъеяхэм пэплъэжыркъым», «Щхьэл мывэ», «ГъэритӀ», «Ридадэ», «Адыгэхэр», «Хъан-Джэрий», «КъуэкӀыпӀэмрэ КъухьэпӀэмрэ», «ТӀасхъэщӀэх», нэгъуэщӀхэри.

ТхакӀуэ цӀэрыӀуэм къратащ СССР-м, РСФСР-м, Адыгейм я Къэрал саугъэтхэр, Шолохов Михаил и цӀэр зезыхьэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я саугъэтхэр.

МэшбащӀэ Исхьэкъ Адыгейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми я цӀыхубэ тхакӀуэщ, «Хэкум и пащхьэм щиӀэ фӀыщӀэм папщӀэ» орденым и II, III, IV нагъыщэхэр къратащ. МэшбащӀэ Исхьэкъ Урысейм и ТхакӀуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и Ӏэтащхьэхэм ящыщщ, ЩӀДАА-м, Абхъазым ЩӀэныгъэхэмкӀэ и академием хэтщ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**

## МЭШБАЩӀЭ Исхьэкъ

### Си адыгэбзэ - си анэдэлъхубзэ

Зыгуэрхэм куэдрэ, къеджэу уазым,
Ирагъэщхьыф анэдэлъхубзэр
ЯупӀэщӀыжакӀэ гъуаплъэ щайм,
Щысхьыншэу игъукӀыж псыкъуийм,

УкъытекӀыжмэ бэзэрым,
Уимыхьыфыну жыжьэ дыдэ
ЖаӀэф, я напӀэри мыхуадэу,
Уагъэкъуэншэжу, яхуумыдэм.

Си адыгэщӀу, сыщалъхуа щӀыналъэ,
КъысӀурыплъхьащи
уи бзэр си пшыналъэу:
СедэӀуэфынущ бзур зэрыбзэрабзэм,
Макъамэр зэригъэӀум акъужь къабзэм,
Гуапагъэу гъащӀэм щызыхэсщӀэ псор,
КъызэрысщӀэр къысӀурыплъхьа бзэрщ.

Вагъэбдзумэр щызохьыр адэжьхэм я хьэсэм,
ЩӀыгулъ пшэрым псалъэ жылэхэр хэссэу.
Псалъэм псалъэр пызгъэувэжрэ - сатырхэр
Зэхэслъхьэжу адыгэбзэ усэу.

### Адыгэхэр

Адыгэ щӀыналъэм адыгэр щопсэу,
ШэрджэскӀэ къеджэу мы дуней псор,
ЩыгуфӀыкӀыу дыгъэм, уэшхым пэплъэу гъатхэм,
Щопсэу адыгэр я адыгэ лъахэм.

Сыт уэ хэпщӀыкӀыр абыхэм я гъащӀэм,
Я уэрэдым, пшыналъэм, я гъыбзэу
къиӀукӀым гу лъащӀэм?
Сабий цӀыкӀу къыдалъхуамэ, хьэблэм,
Жыг хухасэу мэгуфӀэ зэрыжылэу,

Фочауэ макъкӀэ щагъэӀур дунейм -
Ди хэкум нобэ къыщалъхуащ сабий.
Адыгэ щӀыналъэщ адыгэр щыпсэур,
ШэрджэскӀэ къеджэу мы дуней псор.

ЦӀыхугъэм и хьэтыркӀэ худачых залымым,
Пагагъэр хэту я лъым, къэрабгъэр я Ӏумпэму,
Гум и Ӏущыгъэр, псалъэм и быдагъэр
Мы дунеишхуэм къабгъэдилъхьа тыгъэщ.

Уэзгъэлъэгъуарэт ахэм я къэфэкӀэр,
УезгъэдэӀуарэт я уэрэд жыӀэкӀэм,
ХьэгъуэлӀыгъуэм щызэхашэ джэгум,
Адыгэшыр зэрыщагъэджэгур!

Зэманыжь бзаджэ блэкӀам и щэхухэр
Ноби зыхъумэ къамэ Ӏэпщэхухэм,
Топауэ макъым щӀыр игъэзджызджу,
Зэрыщытар къатощыжыр гъуджэу.

Куэд щӀауэ гынымэм и гъуэзыр
Къыщхьэщыхьэжкъым аузым,
Щыфиижкъым топышэр губгъуэм,
Къашэм нысащӀэ, хъыбарегъащӀэу,
Фочхэр щагъауэр я хьэгъуэлӀыгъуэрщ.

Адыгэ щӀыналъэм адыгэр щопсэу,
ШэрджэскӀэ къеджэу мы дуней псор.
ЩыгуфӀыкӀыу дыгъэм, пэплъэу уэшх Ӏумахуэ,
ЩӀэблэр япӀыр, трашэ гъуэгу махуэ!

### Удж

Пшынауэр поплъэ хьэтиякӀуэм жиӀэнум,
Уджыр щришэжьэнум и пшынэм.
Хьэщыкъ зэхуэхъуахэм я ӀутӀыжыгъуэщ
Нэхущыр. Удж епшэжьэну игъуэщ.

ИрешэкӀыр щауэм пщащэр,
Ӏэгур Ӏэгум еӀущащэу.
Гухэр хъуами нэхъ пӀейтей,
ТӀури хуейкъым дэлэл лей.

Джэгум и кӀэух къафэ уджым
Хьэщыкъхэр поплъэ мы жэщ телъыджэм.
НыбжьыщӀитӀым я пщэдей махуэр
Къигъэлъэгъуэнущ мы уджым нахуэу.

КъокӀуэкӀ мы хабзэр игъащӀэ лъандэрэ:
Я Ӏэхэр уджым щызэрыубыдрэ
ЩӀалэ къуданхэм, тхьэрыкъуэ пщэхухэм
ЗэхуаӀуатэу я мурад щэхухэр.

Поплъэ пшынауэр хьэтиякӀуэм жиӀэнум,
Щришэжьэнум уджыр и пшынэм.
Хьэщыкъ зэхуэхъуахэм я ӀутӀыжыгъуэщ
Нэхущыр. Удж епшэжьэну игъуэщ.

### Зелъатэ

Къыпхуеуэхэр Ӏэгум щӀэбгъэплъу уи лъэгум,
ФӀыуэ плъагъур къыдэпшамэ джэгум,
«Зелъатэ» къафэм къомэщӀэкӀ утыкур.
Псалъэ хэмылъу,
Гухэм, зелъатэу,
Щэхуу яӀыгъ псори зэхуаӀуатэ.

Пщащэ Ӏэлъэщӏ кӀапэм
ЗэрымыщӀэу лъэӀэсамэ Ӏэпэр,
Ещхьу мафӀэ дэпым
Къес ӀэлъэщӀым Ӏэгур.

МафӀэм илыпщӀынущ зылъэӀэсыр,
Гухэлъ пщтырым ныбжьыщӀэгур есыр.
Нэхъри зэщӀигъанэу мафӀэ пщтырыр,
Щауэр джэгу утыкум щызолъатэ.

ТӀури дыщымщ - аращ ди лъэпкъ хабзэр,
Гухэлъыр зыӀуатэр лъагъуныгъэбзэрщ.
Псэ къэпӀейтейхэр игъэхьэкъувэкъуу
«Зелъатэм» дызэпещӀэ лэгъупыкъуу.
Гум лъагъуныгъэ мафӀэ щӀэмынамэ,
«Зелъатэ» укъэфэн пхулъэмыкӀыну.

КъызэщӀоплъэ нэхъри мафӀэс гуапэр,
Къигъэлыдащи пщащэ Ӏэлъэщӏ кӀапэм.
Зелъатэ къафэм кърихьэкӀ гухэлъыр
Къыпхыхьамэ, упщӀыӀужкъым уи лъыр.
Ӏэлъэщӏ кӀапэм щӀигъэна мафӀэс,
А уи мафӀэм куэдрэ сегъэс!

### Пшынэ

ФыдыхьэшхынкӀи хъунщ, ауану,
Ауэ си гум ирихьыр ди адыгэ пшынэрщ,
И макъамэ къызэрыгуэкӀыр
Гугъуущэ демыхьу зэригъэӀу щӀыкӀэр.

ПщыкӀутӀ къудейми зэрыхъур пшынэ Ӏэпэр,
ЯгъэӀу пшыналъэр сытым хуэдэу гуапэ!
Пшынэ Ӏэпэм къыщӀадзэм джэгуу,
НэхъыфӀ щыӀэнуи къэкӀкъым уи гум.

Уи рояли, уи пианини -
Зыми лъэкӀынукъым, ещхьу пшынэм,
Гущэкъу уэрэдыр кърigъэкӀыну,
Си лъэпкъ макъамэр къысхуигъэӀуну.

Дуней псом щагъэвухэр сыт зищӀысыр,
Зи пэрмэныр абыхэм
кърагъэжэх щытхъупсыр?
Адыгэ пшынэм къыхилъхьауэ си лъым,
Хэтщ си лъынтхуэм адыгэ пшыналъэр.

БлокӀ илъэсхэр, гущӀэм задигъазэу,
Ауэ зэманым иӀэкъым къэгъазэ,
Си лъэпкъым и гур ноби кърегъауэ
Ӏэпэ пщыкӀутӀым ягъэӀуа пшынауэм!

*Усэхэр къэбэрдей диалектым изыгъэзэгъар*
**УЭРЭЗЕЙ Афликщ.** *2011 гъэ*

# Шу закъуэ хуэрзалэ



Хьэlупэ ДжэбрэIилрэ Темыркъан Юрийрэ.

«ФИ НАСЫПЩ Къэбэрдей адыгэхэм - лъэпкъ инхэм ямыIэ телъыджэ фиIэщ, дуней псор ирипагэу. Хэти къалъхури, иужькIэ дирижёр мэхъу, Темыркъан Юрий дирижёру къалъхуащ» - къызжиIэгъащ урыс композитор щэджащэ Щедрин Родион. Апхуэдэ псалъэм иримыгуфIэн щыIэ, уи лъэпкъэгъу, фIыуэ плъагъу щхьэкIэ щыжаIэм деж?!

Темыркъан Юрий! АфIэкIа хэмылъу, уи гум зы Iэфl гуэр къыдожей. Сыту пIэрэтIэ ар нэхъ зэпхар? Лъэпкъыу дунейм тетым я нэхъыфI дыдэ хъун хуейуэ щыта адыгэм къалъыса щIэпхъаджэм и ужькIэ Темыркъан Юрий хуэдэ адыгэлI щэджащэ къызэрилъхужыфара хьэмэрэ иджыри дыкIуэдыпакъым, дуней псом яIэт дирижёр-музыкант цIэрыIуэ диIэщ жытIэу, ди щIэблэ къэкIуэнум щхьэкIэ дыхъуапсэрэ?.. Хъуапсэ и псэ кIуэдкъым, жи адыгэм.

Темыркъан Юрийрэ абы и Iуэхущlафэхэмрэ нэсу уатепсэлъыхьын щхьэкIэ, япэрауэ, уэ езыр умузыканту, музыкэр гъащIэ пхуэхъуауэ, абы и щэху псоми ущыгъуазэу ущытын хуейщ. Музыкэр быдэу психологием епхащ. Адрейуэ. Адыгэбзэм зэкIэ къимыгъэщIыфахэм ящыщщ музыкэм ехьэлIа гурыIуэхэр къэзыгъэлъагъуэ терминхэр. Мис а лъэныкъуитIым ухуэмыхьэзыру щытмэ, къытыдогъэзэжри, Темыркъаным хуэфэщэн гупсысэхэр тхыгъэкIэ къэбгъэлъэгъуэныр тыншкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, сыхуейщ пщIэ ин зыхуэсщI Темыркъан Юрий и хьэтыркIэ а Iуэхум зеспщытыну.

Юрий бгъэдэлъ талантым къигъэщIыжа дунейм техьэф цIыхум езы дуней дыдэри нэгъуэщIу елъагъу. Абы и дунейм щызэблэкIа, щызэблэкI икIи щызэблэкIыну музыкэм и бзий кIапэ зылъэIэсым и псэр нэхъ дахэ, нэхъ щабэ мыхъункIэ Iэмал иIэкъым. Арагъэнщ гъуазджэ нэсым и къалэн нэхъыщхьэри.

АтIэ сыту пIэрэ, ярэби, Темыркъан Юрий дунейм тета дирижёр цIэрыIуэхэм е тетхэм зэрещхьыр е къазэрыщхьэщыкIыр?

Мыр икъукIэ упщIэ гугъущ, ауэ...

Псалъэм и хьэтыркIэ, къэтщтэнщ Чайковскэм и оперэхэу «Евгений Онегин» е «Пиковая дама» жыхуиIэхэр. Псоми ящIэ а оперитIри езы Юрий режиссёру Мариинскэ opepнэ театрым щигъэуваууэ зэрыщытар. Режиссёр дапщэрэ дирижёр дапщэрэ мыбыхэм емылэжьами, я гупсысэр нэсакъым Темыркъан Юрий къиугъуея псом.

Япэрауэ, «Евгений Онегин» романыр фIыуэ зыщIэу зи гугъэжхэр, Лотман Юрий абы теухуауэ итхам щымыгъуазэмэ, романыр имыцIыхуу жыпIэ хъунущ. А тхыгъэр Темыркъаным гукIэ ищIэу къыщIэкIащ. ИтIанэ Достоевскэм и Мышкиным е Раскольниковым я псэхэр музыкэбзэкIэ хэт къэзыIуэтэфар? Чайковскэм и музыкэм пкърылъ психологиер Достоевскэм деж «нэкIуэпакIуэу зэрыкIуэр» хэт япэ дыдэу дэзыгъэлъагъуфар? Мис мыбдеж Юрий хьэкъ ящищIыфащ а тIум япкърылъа псантхуэрыкIуэ гупсысэр зэрызыр. Япэ дыдэу абыи гу лъызытар Темыркъан Юрийщ.

Сигу икIыжыркъым 70 гъэхэм Налшык Юрий и оркестрыр и гъусэу къыщыкIуам Чайковскэм и Еханэ симфониер щагъэзащIэм щыгъуэ и жьакIэпэм нэпсыр хэлъадэу щыса адыгэ лIыжьыр. Сыт хуэдэ ныбзкIэ Темыркъаным къигъэлъэгъуэфа мы симфонием лIэныгъэм теухуауэ Чайковскэм хилъхьа гупсысэр? Армырауэ пIэрэ адыгэ лIыжьым и псэм зыпхридза ныбзри?

ГъуазджэкIэ узэджэнур псэм и лъащIэр зыгъэхъеифырщ. Аращ Юрий къызыхуалъхуари лъэпкъ куэдым къахэкIа цIыхухэм я псэм щIыдыхьэри.

Юрий, хэт и музыкэ имыгъэзэщIами, «зэрыпсэур» иужьрейуэ игъэзащIэрщ! Сытыпси уиIэн хуей, апхуэдиз музыкэм я купщIэр нэсу бгъэлъэгъуэн щхьэкIэ! Е сыт хуэдиз гуащIэ убгъэдэлъын хуей ар къохъулIэн щхьэкIэ! Дунейм зы композитори теткъым музыкэ зэхихыр нотэм щридзэм деж, и псэм щыщIэ псори абы къыщигъэлъэгъуэфыну е псалъэкIэ хуэтхыну. МузыкэкIэ жумыIэфыр псалъэкIэ пхужыIэн? Дирижёр IэщIагъэм и къалэныр мис а композиторым хужымыIэу нотэ зэхуакухэм къыдэна гупсысэхэр езым псэкIэ зыхищIэу музыкэ едаIуэ цIыхум и пащхьэ ирилъхьэнырщ. Iуэхур абы щынэсым деж дирижёр куэд дыдэм япэ Темыркъан Юрий йоувэ. Езгъэлейуэ фи мыгугъэ, мыр адыгэм къилъхуащ жысIэу, сигу имылъ лъэпкъ сIуэтэнукъым, ауэ езы лъэпкъыр зыIэтыф Юрий и лъэрыгъ субыдмэ си гуапэщ.

Иджы Юрий дэслъэгъуа куэдым ящыщ зы фхуэсIуэтэжыну сыхуейщ. 1975 гъэм накъыгъэ мазэу Ленинград сылъэтэн хуей мэхъу, сезыгъэджа, фIыуэ слъагъу си ныбжьэгъу пажэ Клюзнер Борис Лазарь и къуэр дунейм ехыжати. Жэщыр хэкIуэтауэ сынэсащ. Композиторхэм я унэм соблагъэри, сыщIэкIуам дытепсэлъыхьу дыщысурэ, жэщым фIыуэ хэдгъэщIауэ, телефоныр къоджэ жаIэ. СокIуэ, згъэщIагъуэурэ: хэт жэщыбгым сэ къызэджэнур? «Къеблагъэ, - жи. - Уи хьэпшыпыр къащти, сэ сыщыпсэур тыншу къэбгъуэтыфын си гугъэщи, сыножьэ!» Ар жиIэри, телефон трубкэр трилъхьэжащ. Арати, Темыркъан Юрий и унэм сокIуэ. Бжэр зэрыIуихыу къыпещэ, «Сыхьэтищ нэсащ укъызэрысрэ, укъэпсалъэу сыкъэсащ, щIыжумыIар сыт? Ар зы. Сэ мыбдеж пэш зыбжанэ сиIэу сыщыпсэууэ, уэ сыт хьэщIэщ ущIэлъыхъуэр?» ИтIанэщ IэплIэ къысхуищIу, пэшым сыщыщIишар. Зы тхьэмахуэ хуэдизкIэ Юрий деж сыщыIащ. СыщIэкIуари Iуэху гугъут, Юрий ар сщхьэщихын щхьэкIэ дэслъэгъуа псор схужыIэжынкъым, ауэ пщыхьэщхьэкIэрэ Сумбаташвили (художник), Васильев, Касаткинэ сымэ (Петров Андрей и оперэ «Пётр Езанэр» ягъэуву арат) зытепсэлъыхьхэм сыщедаIуэкIэ, сызэрынасыпыфIэм сэр-сэрурэ сригуфIэжырт, игъащIэм зэхэзмыха куэд зэхэсхырт, псом ящхьэжыр, - си лъэпкъэгъум ит чэнджэщхэр модрейхэм щагъэщIагъуэм деж, сылъэтэным хуэдэт...

Юрий ноби зы чэнджэщ гуэркIэ сеупщIрэ езым и еплъыкIэм щытехуэм деж, сэ нэхърэ нэхъ насыпыфIэ цIыху щымыIэу солъытэ. А зи гугъу иджыпсту сщIауэ си тхьэкIумэкIэ зэхэсхар зэгуэр тхыдэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым... А махуэхэм сэ сигу къэкIыжат Шуман япэ дыдэу Шопен и музыкэ езым игъэзэщIэжым щедэIуам жиIэгъар: «Господа, шляпы долой - перед вами гений». Абы щыгъуэщ Юрий сригъусэу репетицэм сыздэкIуам, сэ урысыбзэкIэ ескъутэкIыу сыпсалъэрти, Юрий зэуэ къэувыIэу щыжиIар: «ДжэбрэIил, урысыбзэкIэ си щхьэр умыгъэузу, си Iур щIигъущIыкIа адыгэбзэмкIэ къызэпсалъэ». Асыхьэтым Юрий и нэгум физгъэплъэну фIэкIа сыхуейтэкъым. Иджы илъэс къэс Юрий Къэбэрдейм къыщихьэжым деж адыгэбзэкIэ усэ сыкъыхуоджэ. «ДжэбрэIил, мы уэ узэрыпсалъэ адыгэбзэм, нэхъыбэр къызгурымыIуэми, псэр схуегъэтхытх», - жери хуэижьырабгъуу IэплIэ къысхуещI...

Темыркъан Юрий оркестрым и пащхьэм зэритыр зрамыгъэщхьа щыIэкъым! Хэт ирамыгъэщхьами, Темыркъаныр зэщхь дирижёр дунейм теткъым: Юрий зэщхьыр Темыркъан Юрийщ, езым и «шы тесыкIэ» иIэжу.

ПащIэ Бэчмырзэ и усэхэм зыщIыпIэ деж хэтщ мыпхуэдэ псалъэхэр: «Шу закъуэ хуэрзалэ» жери. Темыркъан Юрий зэщхь щыIэкъым, аращ «щIэшу закъуэр», ауэ лъэпкъым хуарзэу Тхьэм куэд дыдэрэ къытщхьэщигъэт а ди цIыхушхуэр!

Юрий хуэдэу талантышхуэ зыбгъэдэлъ цIыхур, дуней псом «гений» зыхужаIэр, си фIэщ хъуркъым и щхьэкIэ насыпыфIэ хъууэ. Апхуэдэ цIыхум и дунейм зэблэухуэныкIауэ хэлъщ адрей цIыху псоми ятелъ гугъуехьхэр. ЩIакхъуэ Iыхьэ хуабэ зымыгъуэту балигъыпIэм нэсауэ щыта адыгэ щIалэм нобэ дуней псор и тэхъуанэщ. А дуней-тэхъуанэр нобэ зыхуэбзэгуфIэ Темыркъан Юрий - ди Шу закъуэ хуэрзалэр - куэдрэ тхуигъэпсэуну иджыри Тхьэм солъэIу.

Си псалъэм и кIэухыу, мы тхыгъэр къызэрызэIусха, Щедрин Родион и псалъэхэр а къызэрипсэлъа дыдэм хуэдэу урысыбзэкIэ зэ къыжысIэжмэ си гуапэт: «Знаете, Джабраил, вы, кабардинцы, счастливый народ, потому что смогли подарить миру не только черкеску, но и гениального музыканта-дирижёра Юрия Хатуевича Темирканова. Я счастлив, что Юрий Хатуевич мой друг и любит мою музыку».

* * *

Куэд, куэд дыдэ пхужыIэнущ Темыркъан Юрий теухуауэ, ауэ къебла гурыщIэм хуэм-хуэмурэ усэбзэм сришэлIащи, си зы усэкIэ зэхузощIыж.

*Темыркъан Юрий деж*

**Зэхигъэщкъыщкъэу лIэщIыгъуэжьхэр,**
**Мо бгыжьхэм щоIур ежьу гуэр...**
**Гурымрэ гызу, мэз и щхъуэжьу,**
**Къантэлоужьу хъуэпскIыу псэр.**

**Зэгуэр ежьум бжьамий макъамэ**
**КъамэхукIэ пыджэу къизэуар,**
**Щыгузэвэгъуэм, хъужти къамэ,**
**Макъамэу гызт езыр зэуар.**

**Утыку ихьамэ, зэIэпахыу**
**Дыжьын бгырыпхыр щылыдыкIт.**
**Дэнлъэч и дахэр къэзыуахэм,**
**Я уагъэм гъыбзи къыхадыкIт...**

**Дыдж пэтми, гъыбзэм иIэж хабзэр**
**Бзэщхъуауэ зэи къэмыхъуа!**
**Гъуащ бжьамий Iупэ зыхурабзэр...**
**Ежьум сыт бзыпхъэт къилъыхъуар?**

**Йожьэж ежьур, и ныбжьыр гызу,**
**Мэзыщхьэ бгыжьхэр нышIащыкI.**
**КъыщыпкI я нэпсым къыхиху гъуэзым**
**Мазэм пшэкIухь къыхухащIыкI.**

**Бжьамий макъамэр къру дамэм,**
**Дауи, мо къуршым щхьэпрахт,**
**Ежьум щIаха бжьамий макъамэм**
**Щаха и фащэр зэIэпах.**

**ХЬЭIУПЭ ДжэбрэIил,**
*композитор.*

## Газетхэм ятхахэр

**КИРОВСКЭ театрым и щыпэкъакIуэщ Британием, абы зыкъыщигъэлъэгъуащ «Ковент-Гарден» опернэ театр цIэрыIуэм. Я кIэн къикIауэ къэплъытэ хъунущ а пщыхьэщхьэм дирижёр Темыркъан Юрий и оркестрым едэIуахэм - куэд щIэхъуэпсырт, я нэ къыхуикIырт абы. Ауэ цIыхур IувыIуэти, псоми къайуэлIакъым апхуэдэ насып.**

*«Санди Таймс». 1988 гъэ*

# Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр къэкІуэнуми хуолажьэ

**Адыгэ узэщІакІуэ цІэрыІуэ Къэзанокъуэ Жэбагъы еупщІат, жи, «Хэт лІыфІу тлъытэнур?» - жаІэри. «Зэманым декІур лІыфІщ», - жэуап итыжыгъат а лІы Іущым.**

ЖЭУАП кІэщІхэм, зэрыхабзэщи, зэпкърыпхыжын хуейуэ къагъэув. Сыту пІэрэ-тІэ Жэбагъы «Зэманым декІур лІыфІщ» жэуапымкІэ жиІэну зыхуеяр? Абы и щапхъэ нэсщ Бэрбэч ХьэтІутІэ и гъащІэ купщІафІэр. Абы нэсу къыгурыІуащ зыхэпсэукІ лъэхъэнэм къигъэув къалэнхэр, япэ иригъэщ ІуэхугъуэхэрагъэхъулІэ... Ахэр и тегъэщІапІэу, абы хузэфІэкІащ пщэдейрей махуэм лъэпкъым къыпигъэтІылъыну къалэнхэм яхуэкІуэ Іуэхугъуэхэр нобэм зэфІихын. КъэкІуэну зэманым хуэлэжьащ а парт, къэрал къулыкъущІэ ІэкІуэлъакІуэр.

Языныкъуэхэм къазэрыщыхъумкІэ, «зэманым декІур» ар цІыху жыІэщІэу, жыІэдаІуэу щытхэрщ. Апхуэдэ цІыхухэм жэрдэм гуэри къабгъэдэкІыркъым, ахэр «псы ежэхым зыдехь», зыми зэран яхуэхъуркъым, езыхэри къизыдзащэ щыІэкъым. Къохъу ахэр «ищхьэмкІэ къыщыдридзей», къулыкъушхуэхэр яхуэмыфащэу щаІэрыхьэ. Апхуэдэхэм деж абыхэм пщІэи щхьэи куэдым хуащІынукъым, а ягъуэт мащІэри, дыгъэпсым хэткІухыжк пшагъуэм хуэдэу, кІуэдыжынущ, унафэр зэрыІэщІахыу.

Бэрбэч ХьэтІутІэ зыгуэрым зыхуигъэщхъын дэнэ къэна, езы зэман дыдэр къэзыгъэІурыщІэфа цІыху телъыджэт. Пединститутыр университет ищІыну яужь щихьам щыгъуэ, шэч хэлъкъым, куэдым я гугъащ а гупсысэм лъабжьэ имыІэу икІи мызыгъуэгукІэ ар зыми хузэфІэмыкІыну. АкъылшэщІарэ гупсысэ куурэ зыбгъэдэлъ адыгэлІыр къыпикІуэтакъым гъащІэм, цІыхухэм къыхуагъэува лъэпощхьэпохэм. ЩІыналъэ псом щыяпэ, ІэщІагъэ куэдым щыхурагъаджэ университет Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщызэІуихам и мызакъуэу, зэман кІэщІым къриубыдэу ар Бэрбэчым ищІыфащ есэпымкІэ, техникэмкІэ, гуманитар унэтІыныгъэхэмкІэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр икІи купщІафІэхэр щызэфІах щІэныгъэ центр ин.

Зы пщалъэ гуэрми тыншу пхуимыгъэзагъэ лэжьыгъэшхуэ лъэпкъми къэралми яхуэзылэжьа цІыхущ Бэрбэч ХьэтІутІэ. Абы и цІэр, и феплъыр зэи мыкІуэдыжынщ, сыту жыпІэмэ Бэрбэчым и цІэр къызыхэщыр ди университетым и фІэщыгъэм и закъуэкъым, атІэ а унэщІэр хэтщ унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щызэгъэзэщІа щІэныгъэлІхэм я къалэмыпэм къыпыкІа тхыгъэхэм. Нэхъыщхьэжыращи, ХьэтІутІэ и цІэр я гум илъщ ар зи пашэу щыта еджапІэ нэхъыщхьэр къэзыуха ІэщІагъэлІ минхэм: егъэджакІуэхэми, агрономхэми, зоотехникхэми, инженерхэми, дохутырхэми, нэгъуэщІхэми.

Иджыри илъэси 100 куэдкІэ псэунщ Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр.

**ГЪУТ Іэдэм,**
*филологие щІэныгъэхэм я доктор.*



## Адыгэхэм къытхужаІахэр

АБАЗЭХЭХЭР лъагъуагъуафІэхэщ: я нэхъыбэр лъагэхэщ, къуданхэщ, плІабгъуэхэщ, бгырыпхым щІикъузэ я бгыр псыгъуэщ, уеблэмэ жьыхуегъэзэкІ хъуахэми пшэру зы цІыху яхэту слъэгъуакъым. Я щхьэцыр кІэщІыбзэу щІащэ, иныкъуэхэм яупс. ЖьакІэхэр ящ, щІалэхэм - кІэщІ дыдэу. НэхъыжьыІуэхэм нэхъ кІыхьу ягъэкІ. Я нэкІу зэхэлъыкІэр гуакІуэщ, пэтІинэу закъуэтІакъуэххэщ яхэтыр. Нагъуэхэмрэ нащхъуэхэмрэ куэдщ, сырыхухэр мащІэ дыдэщ.

**ДЬЯЧКОВ-ТАРАСОВ Александр,**
*Кавказ лъэпкъхэм я тхыдэдж.*
*1904 гъэ*

# КъБКъУ-м и япэ ректор

Бэрбэч ХьэтІутІэ МутІэ и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм 1916 гъэм мазаем и 25-м къыщалъхуащ. Илъэсибл школыр 1931 гъэм абы къыщиуха нэужь, Бэрбэчым еджэным щыпищащ Новочеркасск къалэм дэт курыт школым. Налшык дэт педагогикэ техникумым егъэджакІуэ ІэщІагъэр щызригъэгъуэтри, 1936 - 1940 гъэхэм и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ Крупская Надеждэ и цІэр зэрихьэу Ленинград дэта институтым.

1942 гъэм Бэрбэчым къиухащ КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэр икІи Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м лэжьакІуэу къагъэкІуэжащ. А илъэсым и бадзэуэгъуэ - фокІадэ мазэхэм ар КПСС-м и обкомым къепха парт школым тхыдэмкІэ егъэджакІуэу щылэжьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм пІалъэкІэ щаубыда лъэхъэнэм ар Куржым и къалащхьэ Тбилиси, иужькІэ Тккварчели къалэм щылэжьащ. 1942 гъэм и жэпуэгъуэм къыщыщІэдзауэ 1943 гъэм и мазае пщІондэ партым и Тккварчели къалэ комитетым лектору щыІащ. Ди щІыналъэр бийм къыІэщІахыжа нэужь, ар республикэм къагъэкІуэжащ икІи КПСС-м и Налшык къалэ комитетым и секретару, иужькІэ партым и Прималкинскэ къалэ комитетым и секретару, КПСС-м и обкомым и лектору лэжьащ.

1945 гъэм и мазае мазэм къыщыщІэдзауэ 1948 гъэм и гъатхэпэ пщІондэ Бэрбэч ХьэтІутІэ лэжьащ Республикэ радиокомитетым и унафэщІу, къыкІэлъыкІуэ илъэсхэм пэрытащ жэуаплыныгъэ зыпылъ нэгъуэщІ къулыкъухэми. Ар щытащ КПСС-м и обкомым и къызэгъэпэщакІуэ инструктор, административнэ къудамэхэм я пашэу. 1950 - 1957 гъэхэм ХьэтІутІэ лэжьащ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару.

1952 гъэм къыщыщІэдзауэ Бэрбэч ХьэтІутІэ хэтащ Мамырыгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр комитетым. 1954 гъэм КПСС-м и ЦК-м и нэІэм щІэту лажьэ, Жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ академием и илъэс курсхэм щеджащ икІи «Къэбэрдей социалист лъэпкъыр къызэрыунэхуамрэ абы игъуэт зыужьыныгъэмрэ» диссертацэр игъэхьэзыращ, ехъулІэныгъэкІэ пхигъэкІри, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат цІэр къыфІащащ.

1957 - 1965 гъэхэм Бэрбэч ХьэтІутІэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору.

1962 гъэм ирихьэлІэу игъэхьэзыращ икІи ехъулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэр социализмэм зэрыхуэкІуар» доктор диссертацэр.

НэгъуэщІ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэ куэди и къалэмыпэм къыпыкІащ Бэрбэчым. Абыхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и совет тхыдэм теухуа очеркхэр», «Къэбэрдей лъэпкъым совет лъэхъэнэм игъуэта зыужьыныгъэмрэ щІэныгъэмрэ», «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я совет автономиер», нэгъуэщІхэри.

Бэрбэч ХьэтІутІэ хэтащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием Социалистическэ, коммунистическэ ухуэныгъэмкІэ и щІэныгъэ советым, Кавказ Ищхъэрэм Гуманитар унэтІыныгъэхэмкІэ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр зэгъэуІунымкІэ и щІэныгъэ советым. ХьэтІутІэ мызэ-мытІэу хэтащ икІи доклад купщІафІэхэр щищІащ щІыналъэпсо, къэралпсо щІэныгъэ конференцхэм, симпозиумхэм, нэгъуэщІ зэхуэсхэм. КъуэкІыпІэр зыджхэм я дунейпсо конгрессу 1965 гъэм Москва щекІуэкІам и делегату щытащ.

Къэралым, республикэм я жылагъуэ, политикэ гъащІэм жыджэру зэрыхэтам, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм фронтым и щІыбагъкІэ щызэфІиха Іуэхугъуэхэм папщІэ Бэрбэч ХьэтІутІэ къыхуагъэфэщащ дамыгъэ зыбжанэ. Апхуэдэу абы мызэ-мытІэу къратащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыбгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Лъэпкъым и къуэ гъуэзэджэ

* * *

ЦІЫХУБЭМ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтын Іуэхущ ІапІэ ди республикэм къыщызэгъэпэщынымкІэ къыпхуэмылъытэным хуэдиз фІыщІэ зыхуэфащэ лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ Бэрбэч ХьэтІутІэ.

Политик Іущ, узэщІакІуэ щэджащэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр зэфІэзыгъэува, зыхуэдэ щымыІа абы и япэ ректор Бэрбэчыр сыт и лъэныкъуэкІи я щапхъэт Кавказым щыпсэу цІыхухъуэхэм. Абы хуэдэ нэгъуэщІ зыри сэ сцІыхуркъым.

**КЪАРДЭН Къубатий,**
*Совет Союзым и ЛІыхъужь.*
*1991 гъэ*

* * *

АДЫГЭ лъэпкъ уардэм и къуэ телъыджэщ Бэрбэч ХьэтІутІэ. ЩІэныгъэлІ цІэрыІуэм лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ лъэпкъ ІэщІагъэлІхэр къэралым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хуэгъэхьэзырынымкІэ.

**ЯШВИЛИ Нугзар,**
*Куржы ССР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.*
*1965 гъэ*

* * *

БЭРБЭЧЫР цІыху гъуэзэджэу, зэкІужу къэслъытэрт дапщэщи. Ар сыт щыгъуи екІуу хуэпат, езыр нэжэгужэт, жиІам тебгъуэтэжырт, фІэщхъуныгъэ ини хэлът. ХьэтІутІэ и къэпсэлъэныгъэхэм удахьэхырт. Нэрылъагъут зи гугъу ищІым фІыуэ зэрыхищІыкІыр. И гупсысэхэри къиІуэтэфырт бзэ шэрыуэкІэ, купщІафІэкІэ.

**БЕЗГОДЬКЭ Фёдор,**
*КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.*
*1965 гъэ*

* * *

БЭРБЭЧ ХьэтІутІэ МутІэ и къуэр и теплъэкІи и псэкІи цІыху дахэщ. Совет Союзым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэм ар сыт и лъэныкъуэкІи фІыкІэ къахощ. ХьэтІутІэ хуэдэ къуэ гъуэзэджэ зиІэ лъэпкъым и насыпщ.

**КЕЛДЫШ Мстислав,**
*СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и академик.*
*1961 гъэ*

**1418** Хэхэс адыгэхэр

# Адыгэ махуэгъэпс

**2018** Ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр


Франджы литературэм и классик Аиссе-ХьэIишэт *(1694 - 1733 гъгъ.)*


Париж дэт «Гранд-Опера» театрым и примэ-балеринэ Черинэ (Шамырзэ) Людмилэ *(1924 - 2000 гъгъ.)*


Дунейпсо литературэм и классик, Тыркум щыпсэуа тхакIуэ Сейфеддин (Хьэткъуэ) Умар *(1884 - 1920 гъгъ.)*


Хьэрып усыгъэм и классик, Мысырым и премьер-министру щыта, маршал Сами (Наурзокъуэ) Мэхьмуд *(1839 - 1904 гъгъ.)*


Олимп джэгухэм бэнэкIэ хуитымкIэ я чемпион (1948 гъэ) Догу (ГъукIэ) Яшар *(1913 - 1961 гъгъ.)*


КъБР-мрэ Адыгеймрэ я цIыхубэ сурэтыщI, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Шемякин (Къардэн) Михаил *(Франджы, 1943 гъ.)*

## МАЗАЕ
Февраль

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Гъу. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Бр. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мху. | 1 | 8 | 15 | 22 | |
| Мр. | 2 | 9 | 16 | 23 | |
| Щб. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Тхь. | 4 | 11 | 18 | 25 | |

## ЩIЫШЫЛЭ
Январь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Гъу. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Бр. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Мху. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мр. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Щб. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Тхь. | 7 | 14 | 21 | 28 | |

## БАДЗЭУЭГЪУЭ
Июль

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Гъу. | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Бр. | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мху. | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Мр. | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Щб. | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Тхь. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |

## ШЫЩХЬЭУIУ
Август

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Гъу. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Бр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мху. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мр. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Щб. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Тхь. | 5 | 12 | 19 | 26 | |


Тыркум щыщ композитор цIэрыIуэ Кузкудэш Нэуэсэр *(1913 - 1957 гъгъ.)*


Мысыр политик цIэрыIуэ Мохиэддин (Жамбей) Хъалид *(1922 - 2018 гъгъ.)*


Франджым и ЛIыхъужь Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан *(1894 - 1985 гъгъ.)*

## ГЪАТХЭПЭ
Март

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Гъу. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Бр. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мху. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Щб. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Тхь. | 4 | 11 | 18 | 25 | |


Мысырым щыщ актёр цIэрыIуэ Мэзхьэр Ахьмэд *(1917 - 2002 гъгъ.)*


Болгарием и лъэпкъ лIыхъужь Шэрджэс Стефан *(1935 - 1972 гъгъ.)*


Мысыр-тырку тхакIуэ цIэрыIуэ Щхьэплъы Зубейдэ *(1914 - 1989 гъгъ.)*


Сирием щыщ тхакIуэ, критик Хъуэст Надие *(1942 гъ.)*

## ФОКIАДЭ
Сентябрь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 3 | 10 | 17 | 24 |
| Гъу. | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Бр. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Мху. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Мр. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Щб. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Тхь. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |

## Илъэс минитIыр тхыдэ пщалъэщ

Илъэс минитIыр тхыдэ пщалъэщ,
Адыгэ лъэпкъри мыщIалэ,
Лъэпщ зи пкъыр жыру ипсыхьар
Бийм къыпикIуэту мыдзыхат,
Скифхэм, щэрмэтхэм, Чингиз-хъаным,
Уи лъахэр зауэкIэ щIагъанэрт,
Уи щIэблэр гуауэкIэ япсыхьт,
Уихьынуми псым - зумыгъэзыхт,
Бзылъхугъэ дахэу уи Гуащэнэ
Пшэрыхь нэхъыфIыр зыхущанэт,
Уи Къэзанокъуэр лIым я лейт,
Псалъэ шэрыуэкIэ къулейт,
БжьыхьэлI Лиуан е Алыджокъуэ,
Жанхъуэт Кушыку е ХьэтIохъущокъуэ -
Уи пщы-уэлийти пашэ пхуэхъут,
Я теплъэм лIыгъэри и гъуэгут,
Хэт жиIэфынт имыIэу тхыбзэ,
КъэзыгъэщIам адыгэ хабзэр?!
Цагъуэ Нурий е Хъан-Джэрий,
Нэгумэ Шорэ е Алий,
Борыкъуей ТIутIэ, Ахъмэтыкъуэр,
Къуэдзокъуэр, Къуэжей Сосрыкъуэ -
ЩIэнызгъэр яхуэхъуати гъуазэ,
Абы я щIэблэри хуагъасэрт,
УсакIуэу, тхакIуэу уэ къыпщIэхъуэм
Я псалъэр псэут, я хъэтIыр щIагъуэт:
ПащIэ Бэчмырзэ, Агъынокъуэм,
Уи КIэрашэм, уи КIыщокъуэм
Я къалэмыпэр биймым Iуигуакъым,
Биймым я мурадри хуагъэгъуакъым.
ТхакIуэ пэрытхэм хаса жыгым
КъылъэIэсакъым ноби жьыгъэр,
Теунэм, Шортэн Аскэрбий,
МэшбащIэм, Сокъур Мусэрбий,
Нало Заур, IутIыж Борис -
Ятхахэм ящIыр уи псэр щыз.
Къэжэр Индрис, Щауэжь Елмырзэ,
Уи Темыркъаныр, уи Бемырзэр
Адыгэ тхыдэм къыхэнэнщ,
Ди щIэблэм пажэу къэхуэнэнщ.
... Илъэс минитIыр тхыдэ пщалъэщ,
Адыгэ лъэпкъри мыщIалэ,
Дунейм зи къуэпсыр текъухьам,
И жьэгу и мафIэр мыужьыха,
«Дыгъужь нэщIам» имыгъэдзыхэу,
И псэр и гъуазэмэ - адыгэщ.

ПЩЫУКI Латмир.

## МЭЛЫЖЬЫХЬ
Апрель

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Гъу. | | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Бр. | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мху. | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Мр. | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Щб. | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Тхь. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |

## НАКЪЫГЪЭ
Май

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Гъу. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Бр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мху. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Мр. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Щб. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Тхь. | 6 | 13 | 20 | 27 | |


Иорданием щыпсэуа пшынауэ Iэзэ Умар Абыдэ *(1928 - 1998 гъгъ.)*


Сирием щыщ жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, щIэнигъэлI Сэмгугъу Iэмин *(1900 - 1953 гъгъ.)*

## ЩЭКIУЭГЪУЭ
Ноябрь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Гъу. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Бр. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мху. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Щб. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Тхь. | 4 | 11 | 18 | 25 | |

## ЖЭПУЭГЪУЭ
Октябрь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Гъу. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Бр. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Мху. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мр. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Щб. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Тхь. | 7 | 14 | 21 | 28 | |

## МЭКЪУАУЭГЪУЭ
Июнь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Гъу. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Бр. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Мху. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Щб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Тхь. | 3 | 10 | 17 | 24 | |

## ДЫГЪЭГЪАЗЭ
Декабрь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Гъу. | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Бр. | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Мху. | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Мр. | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Щб. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |
| Тхь. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | |


Олимп джэгухэм бэнэкIэ хуитымкIэ я чемпион *(1956 гъэ)* Къаплъэн Хьэмид *(1935 - 1976 гъгъ.)*


Нобель и саугъэтыр 2006 гъэм зыхуагъэфэща, Тыркум щыщ тхакIуэ Памук Орхъан *(1952 гъэ)*


Олимп джэгухэм бэнэкIэ хуитымкIэ я чемпион *(1976 гъэ)* Аталай (Нагъуэ) Мэхьмуд *(1934 - 2004 гъгъ.)*


Хьэрып уэрэджыIакIуэ щэджащэ Фейруз *(1935 гъэ)*


1932 гъэм дунейм щынэхъ дахэ дыдэ бзылъхугъэу къалъыта Хьалис Кариман *(1913 - 2012 гъгъ.)*


Австрием щыщ усакIуэ Шурдым Къундет *(1939 - 2015 гъгъ.)*


Тырку маршал Дели-пэщэ (Тхъугъэ) ФуIэд *(1835 - 1931 гъгъ.)*


Мысырымрэ Сириемрэ я сультIану щыта Къаит-бей *(1409 - 1453 гъгъ.)*


Тыркум и премьер-министру, Меджлисым и унафэщIу щыта, флотым и адмирал Орбай (КIэнкIэ) Рауф *(1881 - 1964 гъгъ.)*


Тырку литературэм и классик Хьэгъур Ахьмэд *(1844 - 1913 гъгъ.)*


Тыркум щыпсэу хеттолог цIэрыIуэ, ЩIДАА-м и академик Чурей Алий *(1946 гъэ)*

# Тхьэр зэфIэкIкIэ зыхуэупса



**Куэдрэ си щхьэм къизэрыхь гупсысэхэм ящыщщ, цIыхум Тхьэр зэфIэкIкIэ сыт хуэдизу къыхуэмыупсами, ар и хьэлымрэ и щэнымрэ жэщи махуи емылэжьыжу щытмэ, жыжьэ зэрынэмысыфынур. Сытым дежи сехъуапсэрт апхуэдэ цIыхухэм.**

МЭЛБАХЪУЭ Тимборэ теухуауэ сыцIыкIуу Iэджи зэхэсхат. Псэлъэн зи мыжагъуэ ди нанэ гупым я хьыбархэр ягу хэхуэу щаухкIэ, Мэлбахъуэр Къудейхэ зэраблагъэр я гуIэфIтещIэжт. Ахэр зыщыгуфIыкIыр къызгурыIуэртэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Къудейхэ япхъу зыри яхэттэкъым. Мэлбахъуэр дызэриблагъэр Джырандыкъуэ Къасболэти Усейн Муси къызжаIат, абыхэм я анэхэр Къудейхэ япхъут, Мэлбахъуэм и анэшхуэм и шыпхъухэти, зэпсэлъылIэну къахуихуэрт. Уеблэмэ: «Къудейхэ ящыщ псэуж?» - жиIэу Усейн Мусэ еупщIауэ зэхэсхыжат. Ахэр дунейм ехыжа нэужь, сызэупщIыни къысхуэнатэкъым. Мусэ куэдрэ къызжиIэрт сыкIуэу Мэлбахъуэр зэзгъэцIыхуну, ауэ апхуэдэ хьэщIапIэ кIуэкIэм «къулыкъу къызэт» фIэкIа зыри къыпхуихынутэкъыми, си пIэ сыхуикIыртэкъым.

Ауэрэ зэманыр кIуэурэ, КъБР-м и Президентым и пресс-IуэхущIапIэм сриунафэщIу, Правительствэм и унэм дыщIэсу, зауэм хэтахэр щыдгъэлъэпIэну пшыхьыр догъэхьэзыр. Зы шэнтиуэ къэзбгъанэмэ, адрейм ис Мэлбахъуэм зыкъысхуегъазэри:

- Уэ сыт хуэдэ Къудейхэра узыщыщыр? - жеIэри къызоупщI.

- Курп щыщхэм, - жызоIэ.

- Уэрэ сэрэ дызэблагъэ дыдэщ, - жи.

- СощIэ, - жызоIэ, апхуэдэ цIыхушхуэм сызэригъэблагъэм си гур си бгъэм имыхуэж ищIауэ. ИтIанэ КIуэкIуэ Валерий ветеранхэр Iэнэм ирегъэблагъэри, Мэлбахъуэр езым и пэшымкIэ кIуэцIрысшыну унафэ къысхуещI.

Мэлбахъуэм сэрэ апхуэдэ щIыкIэкIэ зыщIэддза уэршэрым дерс Iэджи къыхэсхащ, гъащIэм и университетыр щIэрыщIэу здзыжауэ жыпIэ хъунущ. Уеблэмэ сэ езыр гъащIэм нэгъуэщI зыгуэру сыхуэщытын щIэздзащ.

Дызэхуэзэхуи благъэ Iуэху зетхуэрт. Республикэм щагъэхъыбар, «Мэлбахъуэм и благъэхэр къридзэу щытакъым», - жаIэри. Абы кърагъэкIыр и благъэхэм ягу къихьэ псор яхуищIэу щытакъым жаIэу арамэ, пэжщ. БлагъагъэкIэ къулыкъу игуэшу, машинэхэр тыншу яIэригъэхьэу щытакъым жаIэмэ, абыи пцIы хэлъкъым. Ауэ и анэмрэ и шыпхъу Кэзибанрэ гумащIэу зэрахущытар сощIэ, езыми зэман нэхъыбэ благъэхэм яхухихын хуейуэ къыщыхъужырт.

- Уи жагъуэ хъурэ, нэхъ пасэу дызэхуэзэну Iэмал зэрозмыгар? - къызоупщI зэгуэрым.

Хъуртэкъым си жагъуэ, жесIари аращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, си насыпыр къулыкъущIэ лъагэ гуэрым и IэмыщIэ илъу зэи сыбжакъым.

**КЪУДЕЙ Владимир,**
*КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат.*



**СССР-м и Унафэщ| Хрущёв Никитэрэ КIыщокъуэ Алимрэ Кремлым щызопсалъэ.** *1963 гъэ*

# Къру пашэ

**Адыгэ литературэм и къежьэкIэмрэ зыужьыкIэмрэ тепщIыхьмэ, шэч хэлъкъым абы нобэр къыздэсым къикIуа гъуэгум КIыщокъуэ Алим и лIэщIыгъуэкIэ уеджэ зэрыхъунум. Ди литературэр щызэфIэувам КIыщокъуэм япэ ита щыIами (усакIуэшхуэ дыдэхэри яхэту), къэбэрдейбзэ тхыгъэр, псом хуэмыдэу лирикэр, роман лIэужьыгъуэр дунейпсо литературэ щапхъэм изыгъэтIысхьар, изыгъэувар, дунейпсо утыку изышар Алим и гуащIэм къыдэкIаращ. Алим и жьауэм щIэту лъэщ бэкъуащ литературэр.**

КIЫЩОКЪУЭ Алим и тхыгъэхэм укъыщеджэкIэ е и псэлъэкIэм ущыщIэдэIукIэ, гу лъыботэ къру пашэм и образыр абы фIыуэ зэрилъагъум, куэдрэ къызэригъэсэбэпым. Лъэпкъ псоми хуэдэу, адыгэхэм Iулыджрэ пщIэ лейрэ хуащIырт бэм я пашэу щытыну зэфIэкI зиIэхэм, «хэкулI» жыхуэпIэнухэм. Апхуэдэхэрт «къру пашэ» щIыхьыр зыхуагъэфащэр. Ар фIыуэ къыхощ революцэм, граждан зауэм, абы къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм ятеухуауэ КIыщокъуэм итха романхэм.

КIыщокъуэ Алим езыр дапщэщи щытащ дыгъафIэ гъуэгукIэ япэкIэ узышэ пашэу, гъуазэу, литературэм тепщIыхьмэ, ар къру пашэ щIэхъуар и къулыкъу лъагэхэракъым - и къалэмыпэм къыщIэкIахэращ. Зэбгъэпщэн, зыпэплъытэн щымыIэ и усэхэмрэ прозэмрэ. Лъэпкъ литературэм и жьантIэр иIыгъыу къызэрекIуэкIаращ.

Пэжщ, мыбыи егупсысын хуей мэхъу: сэ къысфIощI литературэм и пашэу зэрыщытым (и лэжьыгъэмкIи, и тхыгъэмкIи) ар нэхъ лейуэ иригъэгупсысу екIуэкIауэ тхакIуэм и къалэнхэм, усакIуэм («поэтым» жиIэмэ, нэхъ къищтэ хуэдэщ Алим, а псалъэм нэхъыби къызэщIеубыдэ) гъащIэм щиIыгъ, щиIыгъын хуей увыпIэм... УсакIуэу абы иримыгузавэ, иримыгулэз щыIэу къыщIэкIынкъым. Алим къалэм къызэрищтэрэ ирогумэщI усакIуэм и цIэ лъапIэр, лъагэр щIыхь пылъу зехьэн Iуэхум, а къалэныр нэхъ екIуу гъэзэщIэным. Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт аддэ пасэу, литературэм щыхьэа дыдэм игъафIэу щыта хъуэпсэныгъэр: «Хыр си шакъалъэу, къалэм хуэфащэ сиIатэм...»

Зауэ зэманым итха усэхэмрэ поэмэхэмрэ къагъэлъагъуэ лъэпкъ хьэл-щэныр литературэм щызэфIэувэнымкIэ КIыщокъуэм лъэбакъуэ лъэщ зэричар. Аращ япэ дыдэу зи фэкIи, зи акъылкIи, зи дуней тетыкIэкIи зэрыадыгэр зыми хэмыгъуащэ цIыхухэр лъэ быдэкIэ литературэм хэзышэфар. Абы щыгъуи, а цIыхухэр ди къэрал иным и хэкупсэ нэсхэщ, СССР-м ис адрей лъэпкъхэм я бын псоми хуэдэу псэемыблэжу бий бзаджэм пэщIэту. Iуэхур тынш цIыкIуу щытакъым. Езы КIыщокъуэми ар мызэ-мытIэу къыщыхигъэщащ литературэм, творчествэм ехьэлIауэ итхахэм. «Ди зэманым псэу цIыхум и образ - зыми хэмыгъуэщэну зэщIэкъуауэ, зыщыщ лъэпкъкIи псоми къахэщу, ауэ щыхъукIи, дунейпсо цIыхубэм и хьэл-щэнкIэ зэщIэпсэу, - къэбгъэщIэныр икъусыкъужкIэ къалэн гугъущ», - щыжиIэгъащ абы 1956 гъэм «Вопросы литературы» журналым къытрыригъэдза тхыгъэм.

**КХЪУЭIУФЭ Хьэчим,**
*Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

# Зыми емыщхь

**Зауэ нэужьым зи сабиигъуэр хуэза дэтхэнэми хуэдэу, Пщызэбий пасэу лэжьыгъэр зыхищIащ, ар вырэ шыкIэ ващ, нартыхуи къыдичащ, мэкъуи еуащ - а псоми ар пасэу балигъ ящIати, Iэбыдз-лъэбыдзу я губгъуэм итт пэщIэдзэ классхэм щыщIэсми. Абы мэкъумэшыщIэ IэкIуэлъакIуэ къыхэкIынкIэ гугъэу, къэзылъагъухэри къыщыгуфIыкIырт. Езыми зэи и гущхьэ къэкIакъым артист хъуну.**

КЪАЛЭМ кърашу къуажэм зэзэмызэ спектакль щыщагъэлъагъуэхэм деж, артистхэм ехъуапсэу щIалэ нэIурыт цIыкIум къижыхьырт, Iэпыдз-лъэпыдз яхуэхъуну хьэзыру.

МащIэт апхуэдэу хъуапсэу щыта щIалэ цIыкIухэр?! Абыхэм езыхэм я «театр» къызэIуахауэ уэрамхэм, пщIантIэхэм, губгъуэхэм зыкъыщагъэлъагъуэрт. Яхэтт абыхэм Пщызэбии. А «театрым» ущыджэгун папщIэ цIыкIухэр бгъэдыхьэшхыфу ущытын хуейт. Ар псом хуэмыдэу Пщызэбий къехъулIэрт. «Артист» ныбжьэгъухэм я къызэгъэпэщакIуэу яхэтт цIыкIу псоми фIыуэ ялъагъу, фIыуэ зэдаIуэ егъэджакIуэ Црым Тобий. Ар щIалэ цIыкIухэм я ущиякIуэт, - ягъэувыну теплъэгъуэхэр езы «артистхэм» щызэхалъхьэкIэ ядэIэпыкъурт, абыхэм я еджэкIэм кIэлъыплъырт.

...Мысостышхуэ Пщызэбий ГИТИС-р къиухри, республикэм къигъэзэжащ икIи зы махуэ щIэмыужьыхэу «уей-уей» жригъэIэу лъэпкъ гъуазджэм хуэлэжьащ. Образ гукъинэж дапщэ сценэм къыщигъэщIа абы а зэманым? Ахэр щэ бжыгъэщ, дэтхэнэр къыхэбгъэбелджылыкIын?! Ауэ ахэр къанэ щымыIэу адыгэ театр гъуазджэм и хэлъхьэныгъэшхуэщ.

Мысостышхуэм и творчествэм къыгуэпх мыхъунщ абы езым итха гушыIэ рассказхэр, усэхэр, пьесэ кIэщIхэр. Абыхэм езыр къеджэжу уедэIуэну сыт и уасэт?!



**Абхъаз революционер цIэрыIуэ Лакобэ Нестор и ролыр Мысостышхуэ Пщызэбий «Колокол священной кузни» фильмым щегъэзащIэ.** *1983 гъэ*

**ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин,**
*тхакIуэ. 2010 гъэ.*

# Адыгэхэм къытхужаIахэр

АДЫГЭХЭМ къыхэхыкIэ зэращIэр я фащэми, я Iэщэми, лъабжьэ лъабжьыным къыхэщIыкIауэ хьэпшып къыздрахьэкIхэми къыхощ. Гухэхъуэщ адыгэ шуейм уIуплъэну. Сыту тыншу, екIу икIи зэщIэкъуа абы и цейри, и фочылъэри. И уанэм и тыншагъыр-щэ! ЩызауэкIэ сыт хуэдэу IэкIуэлъакIуэу и шыр зэригъэакIуэрэ абы, фочыр къыщрипхъуэткIэ и IэбэкIэм удихьэхыу! Уэшх къешхмэ е пшагъуэмэ, ауэ сытми екIуу зрипхъуэкIрэ абы и щIакIуэр! Афэ джанэмрэ жыр пыIэмрэ иджы къамыгъэсэбэпыжми, хэщэтыкIыурэ адыгэхэр зыхуехъуэпсэкIыж я пасэрей хабзэхэм я фэеплъу, пщIэ хуащIу ахэр яхъумэ.

**СТАЛЬ Карл,**
*Кавказ зауэм хэта урыс дзэпщ. 1900 гъэ*

# Зыхэтхэм фIыкIэ къахэщ Шортэн Аллэ



**ЦIыхубз гъэщIэгъуэныщэщ, зи дуней тетыкIэмрэ зыIыгъыкIэмкIэ зыхэтхэм къахэщым и щапхъэ нэсщ, жыпIэкIэ ущыуэнукъым Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ Шортэн Аллэ. «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым илъэс куэдкIэ зэрыхэтам и закъуэкъым ар къызэрацIыхур. Аллэ и дахагъыр дунейм щызэлъащIысауэ щытащ: абы и сурэтыр зытет «Танцующая пара» кIэнфет пхъуантэр дэнэ щIыпIи щащэрт.**

ТХАКIУЭ Шортэн Аскэрбийрэ артисткэ цIэрыIуэ Даниткэрэ япхъу цIыкIур и адэанэм ещхь хъун хуейтэкъэ?! Даниткэ ипхъу закъуэр пианинэм хуригъэджэну и гугъат. И анэм и хьэтыркIэ, а макъамэ Iэмэпсымэм еуэу зригъэсами, Аллэ ар IэщIагъэ хуэхъуакъым. Абы къыхиха IэщIагъэм и гур къыхуэзыгъэушар Шэру Сонящ, абы и утыку итыкIэр илъэгъуа иужьщ адыгэ къафэм ар хьэщыкъ щыхуэхъуар.

Курыт еджапIэм и къэфакIуэ ансамблым хыхьа Аллэ утыкур зэи ибгынакъым. Университетым щыщIэсами, абы и къэфакIуэ гупым хэтащ. А зэманым ди республикэм щэнхабзэмкIэ и министру щыта Ефэнды Джылахъстэн зи пашэ къулыкъущIэ зыбжанэ университетым кIуэуэ ансамблым и къэфэкIэм еплъа иужь, Аллэ къыхахауэ щытащ «Кабардинка» ансамблым хэту Африкэм ягъэкIуэну. Къэрал гъунапкъэм уикIыну ущыхуимыт зэманым Африкэм кIуэныр, абы щыгъуэми, «Кабардинка»-м и гъусэу, ныбжьыщIэм дежкIэ пщIыхьэпIэм хуэдэт.

- Си адэм сызэримыутIыпщынур къызгурыIуэрт, сызипхъур къищIа иужь, Джылахъстэни «нэгъуэщI къэгъуэтын зэрыхуейр» жиIат. Унэм сыкъыздэкIуэжам си адэр, уIэли-ууди, къытхутегъэхьэртэкъым. Жэщ псом сыгъащ. Нэху сыкъекIа нэужь, си еджэным зэран зэрыхуэзмыгъэхъунумкIэ, ар зэрыхыфIэзмыдзэнумкIэ псалъэ быдэ сIихри, хуит сищIауэ щытащ, - игу къегъэкIыж Аллэ. - Университетыр хыфIэздзэнкIэ си адэр щIэшынэр гурыIуэгъуэт: зэман пыухыкIа фIэкIа узэрыримылэжьэфыну IэщIагъэ закъуэкIэ укъэувыIэ хъунутэкъым, щIэныгъэ ищхьи зэгъэгъуэтын хуейт. ИтIанэ, сытым дежи абы къызжиIэрт: «Сценэр псыпцIэм хуэдэщ, ущIилъафэмэ, зэфIэкIащ. Iэгуауэр зэ зыхуаIэта цIыхур абы къикIыжыфыркъым». А зэманым щыщIэдзауэ илъэс 20-м щIигъукIэ «Кабардинка»-м хэтащ Аллэ. Абы университетри къиухащ.

А лъэхъэнэхэм ар зыцIыхуу щытахэм жаIэжу зэрызэхэсхамкIэ, уи фIэщ хъунутэкъым Шортэныр апхуэдиз илъэс хъуауэ ансамблым къыщыфэу. И зыIыгъыкIэкIи, и теплъэкIи, ар езым нэхърэ илъэс куэдкIэ нэхъыщIэ къэфакIуэхэм ефIэкIырт.

НАСЫП. Мы псалъэм цIыхухэм къызэщIрагъэубыдэр зэхуэмыдэ защIэщ. Хэти и лэжьыгъэм дэрэжэгъуэ къритрэ мылъку иIэмэ, насыпыфIэщ, адрейхэм дежкIэ насыпыр узыншагъэмрэ бынунагъуэмрэщ, ещанэхэм ар зыхалъагъуэр нэгъуэщIщ. Аллэ насыпыфIэщ, щIэгъэкъуэн нэс къыхуэхъуу и адэанэр къызэрыщхьэщытамкIэ, Тхьэм узэрелъэIунщ жыхуаIэм хуэдэ и къуитIымкIэ. ЦIыхубзым и хьэлым нэхъыфI дыдэу хэлъхэм ящыщщ и Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм фIэщхъуныгъэ зэрахилъхьэфыр. «Къапщтэмэ, сэ нэхъ сызэщхьу, зи хьэл-щэным щыщ нэхъыбэ схэлъу къысщыхъур си адэрщ, - жеIэ Аллэ. - Ар езэш зымыщIэ цIыху гуащIафIэт, зыхуигъэувыжа мурадым ерыщу хуэкIуэт. Ауэ сыт хуэдэ ехъулIэныгъэ мы гъащIэм щызимыIами, къысхуэзыхьар си анэрщ. Ар мыхъуатэмэ, фIыуэ слъагъу къафэм сыхуэлэжьэфынутэкъым, щIыпIэ зэхуэмыдэхэм ансамблым и гъусэу сыкIуэфынкIэ Iэмал иIэтэкъым, си бынхэр зыхуей зэрыхуигъазэр, зэримыгъэмэжалIэр сымыщIатэмэ. Абы къыдэкIуэу, Венгрием щыIэ советыдзэхэм я гупым уэрэдымрэ къафэмкIэ я ансамблым илъэситхукIэ сыхэтащ. Илъэсым тхуэ нэхъыбэ сыкъэкIуэжыфыртэкъым, си адэми си бынхэми щхьэкIэ сызымыгъэгузэва си анэм сыхуэарэзыщ, ахърэт нэху Тхьэм кърит».

Шортэныр лэжьащ лъэпкъ къафэмкIэ УФ-мрэ КъБР-мрэ щапхъэу къыщалъыта «Кавказ пшэплъхэр» сабий ансамблым и балетмейстеру. Утыку итыкIэ екIум, къафэ гъуазджэм и щэхухэм ныбжьыщIэ куэд абы хуигъэсащ.

**ИСТЭПАН Залинэ.**

# Атэлыкъхэ я гъуазджэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ щэнхабзэм зыщезыгъэужьахэм пажэу яхэтащ Атэлыкъхэ Аслъэнджэрийрэ Жанусэрэ. Мы зэщхьэгъусэхэм я фэеплъхэрщ, къафэм и зы теплъэгъуэ къагъэувыIами ярейуэ, Налшык дэт «Победа» кинотеатрым тетыр. Утыку нэхъ инхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр ихьэ щыхъуам щIыхь пылъу ар зыгъэлъэгъуахэм ящыщщ Жанусэрэ (Лэкъунхэ япхъущ) Аслъэнджэрийрэ.**

РЕСПУБЛИКЭР Москва щагъэлъапIэрт 1939 гъэм. ЦIыхубэ хозяйствэр къызэраIэтым папщIэ, КъБАССР-м Лениным и орденыр къыхуагъэфэщат 1934 гъэм. Абы щыгъуэм Налшык икIа къэфакIуэ гупым Iэгу хуеуэу, Сталиным жиIэгъат: «Адыгэ къафэм хабзэ хэлъщ».

А зэманым Аслъэнджэрий къэрал ансамблым щылажьэрт: езыри къафэрт, щIалэгъуалэри а гъуазджэм хуигъасэрт. ЖыпIэ хъунущ адэанэм я гъуэгум япхъу Зое ирикIуэжауэ. Абы щIэх дыдэу къэфакIуэ Iэзэ къыхэкIащ.

- Артисткэ цIэрыIуэхэу Шэру Сонярэ Зангий Иринэрэ зэпымыууэ я нэIэ къыстетащ, абыхэм я фIыгъэкIи къэфэкIэм и щэху куэд псынщIэу къэсщIащ, - жеIэ Зое. - Апхуэдэу, 1957 гъэм Москва зыкъыщызыгъэлъэгъуэнухэм сахэхуащ. Дгъэзащ Iэрт удж-пыхури, удж-хэшри, ислъэмейри. Абыхэм къищынэмыщIа, Мурадели Вано итха «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» музыкэмкIэ къафэ гъэщIэгъуэныщи дагъэгъэхьэзырат. Ди музыкантхэм я Iэзагъым къылъэщIыхьэн гъуэтыгъуейти, дыгузэвэххэртэкъым: Къашыргъэ КIурацэ, Борий Линэ, ДыщэкI ФатIимэ (пшынауэхэр) сымэ, Ашуров Тэнэхум, абы и къуэ Падацур (зурна), Ало ПIотIэ (бэрэбанауэ) - мыбыхэм ансамблым и пщIэр нэхъри яIэтырт. Ди къэралым и къалащхьэм япэу сыщыдыхьар а гуфIэгъуэ махуэшхуэрти, зэи сщымыгъупщэжын хъуащ ар. Гуапэу дызэрырагъэблэгъар, удз гъэгъахэр, цIыху нэфIэгуфIэхэр - ноби си нэгум щIэтщ а махуэхэр. Ансамблым сызэрыхэтам къриубыдэу зы махуэ пщIэншэу е Iуэхуншэу щыдгъэкIуа къэхъуакъым. Союзхэм я унэм и Колоннэ залым, Горькэм и жыг хадэм, Театр Иным - зыкъыщыдмыгъэлъагъуэ щыIэтэкъым. Дригушхуэрт Кавказыр Урысейм къызэредгъэцIыхум.

Сызыхэта гупым хьэл сфIэфIу хэлъаращ: уэрамым дыщыдэтым и деж сурэт къыттрахынуми зы къафэ нэхъ мыхъуми яхуэдгъэзэщIэну къыдэлъэIуми, зыри дгъэщIэхъуртэкъым.

«Кабардинка»-р япэ дыдэу хамэ къэрал щыкIуар 1958 гъэрщ. Монголием и къалащхьэ Улан-Батор къалэрт къэфакIуэ гупыр здрагъэблэгъар. А къэралым Зое щилъэгъуахэр гукъэкIыж щхьэхуэу иIэщ. Махуэ къэс концерт тIурытIщырыщ ятырт, абыкIэ щыIэ къуажэхэм зыкъыщрагъэгъэлъагъуэрт. Зое зэрыжиIэжымкIэ, а жылэхэр куэдкIэ къащхьэщыкIырт дызэса къуажэхэм я теплъэм: чыкIэ къэхухьа унэ хъурей цIыкIухэрт цIыхухэр щыпсэур. «Къуажэдэсхэм ягу дрихьырт, ди фащэри ди къэфэкIэри яфIэдахэт, - жеIэ Зое. - Урысейм и лIыкIуэу а зэманым Монголием щыIа Молотовыр сыт щыгъуи концертхэм япэ къихуэу къытIущIэрт... дапщэщи екIуу хуэпат, и хьэ фIыцIэшхуитIыр щIыгъут. Борий Ирэ, Къуэдзокъуэ Людэ, сэ «монгол къафэ» дагъэгъэзэщIауэ щытащ... ДыздэщыIэ къэралыр оперэмрэ балетымкIэ лъэщт. Апхуэдэ пшыхьи дыхэтат».

1957 гъэм Москва щекIуэкIа VI дунейпсо фестивалым и дыщэ медалыр къэфакIуэ гупым къызэрахьар я нэхъ ехъулIэныгъэшхуэу къелъытэ Зое. «КъэфакIуэхэр, уэрэджыIакIуэхэр куэду къызэкIуэлIа а зэхуэсышхуэм дыщызэрагъакIуэртэкъым: «Фыхэт? Дэнэ фыкъикIа?» - жаIэу псоми дафIэгъэщIэгъуэнт, - пещэ Атэлыкъым. - Апхуэдэ къару зиIэр, дауи, ди лъэпкъ фащэрт, къафэрт. Фестивалым щIидзэн и пэкIэ, зыкъэзыгъэлъэгъуэнухэр Лениным и цIэр зезыхьэ стадионым дыщызэхуашэсри, къэралым и Правительствэм хэтхэм зыкъытхуагъэзауэ щытащ, егъэлеиныгъэ гуэри техьэулеикIи Iуэхум къыхэхуэ зэрымыхъунур къыдгурагъаIуэу. Зи фэр фIыцIэ цIыху, Шотландием щыпсэу цIыхухъухэм я зыхуэпэкIэр, нэгъуэщI хьэлэмэт куэди абы щыгъуэм япэу къэтлъэгъуат. ИтIанэ, Иорданием къыбгъэдэкIыу къэкIуахэм адыгэ куэд я гъусат, Сэтэней зи цIэ зы цIыхубзи къэтцIыхуауэ щытащ. Ахэр лъэIуат Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIым щыщ тIэкIу къытхуэфшэ, жаIэри. Хурагъэшат...

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**




## Ди къэфакIуэхэр къазэрыщыхъуар журналистхэм я псалъэкIэ

**«Кларин»** *(Аргентинэ):*

*- «Кабардинка»-р къызэрыфэм димыхьэхын щыIэу фIэщ щIыгъуейщ. Хьэлэмэтщ - щIалэхэр я Iэпкълъэпкъ псомкIэ, уеблэмэ нэкIи къофэ. ПсынщIэу, жану ягъэзащIэ къафэхэм удрагъэхьэх. ЦIыхубзхэми я зыIыгъыкIэм щхьэхуэу утепсэлъыхь хъунущ. Нэхъ щэныфIэу щытыхункIэ, нэхъ гурыхьыж мэхъу ахэр... Абыхэм къащыпс фащэхэр нэхъ дахэж зыщIыр, къызэрытщыхъумкIэ, я лъэпкъым папщIэ пагэу ар абыхэм зэрызэрахьэрщ.*

**«Ла Пренса»** *(Мексикэ):*

*Бэрэбанэм, бжьамийм, пшынэм я зэщIэжьыуэр зокIупс. КъэфакIуэхэм я нэгум къощ хахуагъэмрэ я лэжьыгъэм хуаIэ лъагъуныгъэмрэ. Хъыджэбзхэр къупщхьэ гуащэм хуэдэщ, къэфакIуэ щауэхэри къуданщ... «Кабардинка»-м удехьэх, гукъыдэж къует, лъагащэу артистхэр зэрыдэлъейм укъегъэуIэбжь... Ансамблым и спектаклыр къыщIедзэ IуэрыIуатэм ухэзышэ «ИслъэмеймкIэ». Абы кIэлъокIуэ зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэжу къафэ хьэлэмэтхэр. Абы еплъхэр псысэ гъуэзэджэм къыщыхутами ярейщ.*

*ЩIалэхэм я лIыгъэр къызыхэщ къафэр зэрахъуэкI фIыуэ зэрылъагъухэм я къафэкIэ. ИужькIэ, макъамэ щабэр къамэ зауэ къафэм хуокIуэж. Сэхэм IэкIуэлъакIуэу пхъэбгъум зыхезыгъасэ щIалэр икIи къофэ. «Кабардинка»-м и концертыр Iэгуауэшхуэ кIэ цIыхухэм яIэтащ.*

**«Либиан Мэйл»**
(Триполи):

*Дауэ мыхъуми, Урысей Ипщэм и къуршхэм я хьэуа къабзэм зы къафу гуэр хэлъщ, абы щыпсэухэм гъащIэм гурыфIыгъуэ хригъэлъагъуэу, къэфэным, уэрэд жыIэным зэпымыууэ я гур хуигъэжану. ЦIыху 47-рэ хъуу Триполи къеблэгъа «Кабардинка»-м хэт щIалэгъуалэм ику иту я ныбжьыр илъэс 20 ирикъуу арaщ, нэхъыщIэ дыдэр 16 хъуа къудейщ... ЩIалэхэм къызыхэкIа лъэпкъым хуэфащэу заIыгъщ, къару мыкIуэщI ядыболъагъу. Хъыджэбзхэр дахэ дыдэщ: щхьэцыгъуэ ухуэнахэмрэ я Iэпкълъэпкъ псыгъуэмрэ уатхъэкъу... Телъыджэщ. Мыбыхэм я концертхэр гуфIэгъуэшхуэщ. КъэфакIуэ гупыр зэ зылъэгъуам ар щыгъупщэнукъым. Дэтхэнэ къэфакIуэри артист нэсщ, нэхъыбэу бгъэщIагъуэр лъакъуэхэр зэрызэблахым и псынщIагъырщ. Ар плъагъун хуейщ. «Къуршыбгъэ», «ЛIыжь къафэ», нэгъуэщI куэдми ди псэр ятхьэкъуащ. Абыхэм къытебгъэзэжурэ Iэджэрэ уеплъыфынущ.*


Ашэмэз


Закир


Убых


Арбич


Ашэбей


Дон


Батыр

# Илъэс 3.000 ирокъу

**IуэрыIуатэм игъэбелджылыркъым нартхэм я ныбжьыр, ауэ шэч зыхэмылъыр зыщ: щIэныгъэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, «Нарт» эпосым и купщIэм илъэс минищ нэхърэ нэхъ мащIэ ныбжь иIэкъым. Апхуэдэ ныбжь яIэщ Сосрыкъуэ и хъыбархэми.**

СОСРЫКЪУЭ къыщыхъуар Псыжь Iуфэщ - хъыбар куэдым къыхощ ар. Балигъ хъуа нэужь, зекIуэ ежьамэ, Сосрыкъуэ щыболъагъу Тэн Iуфи. Тэн е Тэн губгъуэ ущрохьэлIэ адрей нартхэми - Бэдынокъуи, Ашэмэзи, Батрэзи, Къанж и къуэ Щэуеи. Абыи къыщызэтеувыIэркъым: Индыл зэпрокIри, шыбэр къызэпраху. Дауи, нарт хъыбархэм Тэни Индыли я цIэ къыхэхуэнтэкъым, пасэрей адыгэхэм ар зекIуапIэ яхуэхъуауэ щымытатэмэ. ЗекIуапIэ яхуэхъуам и закъуэкъым: тхыдэр щыхьэт тохъуэ пасэрей адыгэхэм я щIыналъэм и гъунапкъэм Тэн нэс зидзу зэрыщытам.

Псыжь нэгъуэщI лъэпкъхэр къызэреджэр Кубанщ, а цIэми ныбжьышхуэ иIэщ - пасэрей алыджхэм я деж къыщежьащ. Адыгэхэр ПсыжькIэ зэджэ псым пасэрей алыджхэр ГипанискIэ еджэу щытащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, - Шыпс. ЗэралъытэмкIэ, алыджхэм Псыжь апхуэдэцIэ фIащын щIэхъуар абы и Iуфэр шыбз гуартэ бжыгъэншэхэм яуфэбгъуауэ зэрыщытарщ: дуней псом щыцIэрыIуэ адыгэшым илъэс минищ ирокъу и ныбжьыр, апхуэдиз хъуауэ зэрахуэ адыгэхэм шы. Нартхэм я лъэхъэнэм дунейм къытехьэри, лIэщIыгъуэ зыбжанэ къызэпичащ адыгэшым, шы лъэпкъ цIэрыIуэхэм ящыщ зы хъун папщIэ.

Адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ шы зэрызэрахуам щыхьэт тохъуэ археологхэм щIы щIагъым къыщIахыж пасэрей хьэпшыпхэри, пасэрейхэм къызэранэкIа хъыбархэри. Илъэс минитI и пэкIэ щIалъхьауэ щыта синд дзэпщ гуэрым и кхъащхьэм тращIыхьыгъа Iуащхьэм археологхэм къыщIахащ шы щиплIым я къупщхьэ; дауи, пасэрей адыгэхэм шы куэдыкIейуэ Iэджи щIауэ зэрамыхуэтэмэ, я дзэпщым апхуэдиз шы дыщIалъхьэнтэкъым...

Тхыдэм къыхэнащ мыпхуэдэ хъыбар: пасэрей дзэпщ цIэрыIуэ Александр Македонскэм (Искандер Зулъкъарнэйн) и адэм, пащтыхь Филипп, Псыжьрэ Тэнрэ къыщищэхугъащ... шы мин тIощI.

Пасэ дыдэу цIэрыIуэ хъури, адыгэшым и пщIэмрэ и уасэмрэ зэи ехуэхыжакъым, абы щыхьэт техъуэфынущ мы зы щапхъэри: шы ящэхун щхьэкIэ, сатуущIэхэр щызэхыхьэ къэрым бэзэрхэм адыгэшыр нэгъуэщI шы лъэпкъхэм елъытауэ хуэдэ 20-25-кIэ щынэхъ лъапIэт. Пасэрей дзэпщхэм я деж къыщыщIэдзауэ, шуудзэ зыгъэшэс дэтхэнэми адыгэшым пащI щыIакъым, ар щхьэусыгъуэ хуэхъури адыгэшым и лIэужьыр жыжьэ нэсащ, абы илъ ящIэтщ нобэ дуней псом щыцIэрыIуэ шы лъэпкъ куэдым.

Пасэрейм мыпхуэдэ псалъэ къызэринэкIащ: цIыхум дамэ къритакъым Тхьэм, дамэ къыщримытым, шыкIэ къыхуэупсащ. Дамэ пэлъытэт шыр цIыхум дежкIэ. Гъуэгуанэм я нэхъ кIыхьри игъэкIуэщIыфырт адыгэшым, еш ищIэртэкъым, зекIуэлIыр гъуэгум къыщытрини къэхъуакъым.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**
*«Нартхэр» тхылъым къитхыжащ*


Альбек


Альдар


Амал


Барс


Адлер


Нарт


Абрек

# Адыгэ лъахэ, уэрщ си плъапIэр

**ЧУРЕЙ Алий**

* * *

Хы ФIыцIэжьым
Нэпкъыжь фIыцIэ
Iуфэхэр ебзей.
Гугъэ IэфIым,
ПщIыхьэпIэфIу,
Сешэж Къэбэрдейм.
Си пщIыхьэпIэр
Мыхъу нахуапIэ -
Мэужьых дыгъэ бзийр,
ЗэзгъэпцIыжми
Гугъэ нэпцIыр,
Лъы пщIауэ мэдий.
Хы ФIыцIэжьыр,
Губжьыпауэ,
Утыкум йолъадэ.
Адэ Хэкум
Сэрэ дякум
Фыгъуэу къыдолъадэ.

*Тырку, Истамбыл*

**ИНЭМЫКЪУЭ Мулид**

## Сыхэт сэ?

Тырку щIыналъэм сыщыпсэумэ,
Си лъэпкъыцIэщ «тырку»,
ХьэрыпыщIыр лъахэ схуэхъумэ,
Сэ къысфIащ «хьэрып».

Iуэхуу щыIэм я нэхъыкIэр
Куэдрэ къызапэс.
Псалъэу щыIэм я нэхъ жагъуэр
Сэ къызадз: «Хэхэс».

Сыщыпсэуми къэрал Iэджэм,
Сэ сыхъуащ хэкуншэ.
Я дэ ди Тхьэ, Хэку зимыIэр
Сыту насыпыншэ!

*Тырку, Анталье*

**ХЪУНЭГУ Надия**

## Жьыбгъэмрэ сэрэ

Сэ сыхэхэсщ -
ЩIэкIащ Хэкужьыр нэгум.
Ауэ сыт щыгъуи
Лъахэм псэр хуозэш.
ЛIэщIыгъуэ кIуам
Тхьэгъуш хуэхъуауэ си гур,
ГуфIэгъуи гуауи
Абы хузогуэш.
Жьыбгъэ уиншэ закъуэрщ
Си ныбжьэгъур.
Нэрымылъагъуми -
Сэщхьу, ар нэщхъейщ.
Зэщыджэу къыздехь а жьым
ГъащIэ гугъур,
Дызэподжэж -
Шалъэншэу дыпIейтейщ.
Жьыр гъуэгу техьамэ -
Сэри зызоIэтыр;
ХьэпщIэууэ ари
Къызбгъэдоувэж, -
ДызэIэпэгъущ зеиншэ
ТхьэмыщкIитIыр, -
Дыщалъхуа унэр
Дэ къыдолъыхъуэж.

*Иордание, Амман*

**ШУРДЫМ Къундет**

## Мы зы щIымахуэр игъэкIыж

«Адэжь щIыналъэм
дыгъэкIуэж, -
КъызжеIэ си щхьэгъусэм, -
СлъэмыкIыу сэри сегъэкIуэщI
Гугъуехьу телъым уи псэм».



Кавказ ауз.
*Сурэтыр* **Лагорио Лев** *ищIащ. 1893 гъэ*

Си щIалэ закъуэм согупсыс, -
Сигу щыщIэм сщIынт пэIэщIэ,
Гъуэгу сытехьэну сыхьэзырщ,
АрщхьэкIэ зызоIэжьэ.

Сэ нобэ зым къызиткъым гъуэгу.
Си гугъэр екъутэжыр:
Мы щIыпIэр сэ схуэмыхъуми
Хэку, -
Ар лъапсэщ си къуэм дежкIэ...

«Мы зы щIымахуэр игъэкIыж», -
ЖызоIэ си щхьэгъусэм
Уи сабиигъуэ пIэщIэкIам
Хэт зылъэгъуар къигъазэу?

*Австрие, Инсбрук*

**ТIЭШ Хьэмид**

## Iуащхьэмахуэ

Iуащхьэмахуэ уэсу телъым
Жэщи махуи нэпсыр щIож.
ЩIым и бынхэр щикъухьащи,
Магъыр ар, имыщIэу еш.

Адэжь Хэкум нобэ исыр
Ди нэ-ди псэу фыдолъагъу.
Димыягъэу, димылажьэу
ДыфпэIэщIэщ - къытхуэвгъэгъу.

Iуащхьэмахуэ дымылъагъуми,
Я нэхъ дахэу щIэтщ ди нэгу.
Хамэ щIыпIэ дыщыпсэуми,
Дрогушхуэ - ар ди хэкущ.

Ди анэ дахэу ди Хэкужь,
Ди нэхъыжьхэр димыIэж.
Хамэ щIыпIэм дикъуымынэу,
Дурибынкъэ - дынэшэж.

Сыт ди лажьэр, ди Хэкужьыр
Дымылъагъуурэ доIэж.
Ди адэр лIами, ди анэр псэукъэ?!
ЩыкIуи ини дывгъэкIуэж.

ЛIы зыукIым бэлыхьыр
Илъэс бжыгъэкIэ еух.
Мыухыжу ттелъ бэлыхьым
Дигу хегъэщIыр, лъэр тфIыщIех.

Лыуэ ттелъыр дыдымеймы,
Къупщхьэу диIэр Хэкум ейщ...

Дынэшэж уи деж нэхъ псынщIэу,
Адэжь лъахэу Къэбэрдей!

*Сирие, КъунейтIрэ*

**ЛУ Джихьэн**

## ХамэщIым и «фIыщIэ»

Ди лъэпкъыр и цIыху
Къалэным хуэпэжу щымыту
ГъащIэм зы махуи хыхьакъым,
Iэщэр тIэщIэлъу хамэщIыр
тхъумэжу
ДгъэщIати, зы фIыщIи
щIыхьи пытхакъым.

*Тырку, Бурсэ*

**ДЫГЪУЖЬ ФуIэд**

## Уз

Уз Iеищэ къызоуз,
Къызоузри - сегъэгыз.

Пхъэхым хуэдэу сызэпех,
КъысхыхьэхукIэ сегъатхъэ.

Къызэузми, си гуапэщ,
СрищIыкIми, сфIэлъапIэщ.

Уэ си узу, бетэмал,
ХыумыгъэщIыт зы мэскъал.

Адыгэ псоми еуалIэ,
Псори зыщIыпIэ ешалIэ.

Уеуз хъумэ - заIэтынщ,
Уи хущхъуэгъуэр къагъуэтынщ.

Гъуэгу нэхъыфIым дытепшэнщ,
МыхъумыщIагъэм дыхэпшынщ.

Сэ си узыр хэт къищIэн?
Си щэхуфIыр къыздищIэн?

Адыгагъэрщ къызэузыр,
Щыху пэжагъырщ сэ сызысыр.

ЗэрыщIалэми си узыр,
Сыхъужынут зэуэзэпсэу:

Си лъэпкъ мащIэр зы хъужамэ,
Iуащхьэмахуэ тлъагъужамэ!

*Сирие, Хъышние*

**БЫРМАМЫТ Фоаз**

## ЩыIэкъым пэсщI

Мывэ фIыщIэшхуэр
къыщIэплъэнщ уи нитIым.
Хьиса и лъахэм ар щожей и куэщI.
Къызэщыунщи удз гъэгъа
дахащэр,
Iэр ныхуэпхьамэ,
тещхьэлъэнщ уи IэщI.
Фщымыхъу а жысIэр
псалъэ зэфэзэщу.
А жысIэм нобэ щыIэкъым
сэ пэсщI.
Хэкужь и мыви, и дахагъи хуэлIэ
КъысфIощI ихьауэ нобэ
щIапIэ нэщI.
Щхьэгъубжэ лъабжьэм
ЗыщеIэт жыгыщIэм,
Абдж зэщIэлыдэм доджэгу
дыгъэ бзий.
А псор илъэтмэ, хъунущ
зэуэ гущIэр
Бзуушэ абгъуэ, бгынэжа
псыкъуий.

*Иордание, Сыцелыхь*

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Маждэ**

## Хамэ уафэщ къысщхьэщытыр

Уи удз Iущащи, псынэ уши,
Уи Iуащхьэмахуэ ныдэж жьыбгъи,
ПсынэщIэ къэзылъху
уэ уи къурши,
Уэгум щыхуарзэ уи къуршыбгъи -
Я макъ зэщIэлъыр, Къэбэрдей,
Щызэхызохыр сэ мыбдей.

Согужьеижыр, зысплъыхьамэ, -
Сэ къысщхьэщытыр хамэ уафэщ,
Сызытет щIыгури сэ си хамэщ -
Си лъэгур къесыр абы мафIэу.
ГуфIэгъуэу сиIэр, Къэбэрдей,
Уи макъ къэIусырщ сэ си дей.

Си нэр зэтеспIэм сэ къысфIощIыр:
Къыспебгъэжьауэ адэ-Хэкум
Жьыбгъэм си натIэр
къысхуилъэщIу,
Жыгхэм къыдалъэу Iэ си нэгум,
Псынэм схуиусу и уэрэд -
А псом сыгуфIэу сэ сахэт.

КъысфIощI Сосрыкъуэ
къихьа мафIэм
Сэ сигу пIыщIар къигъэхуэбэжу,
Си адэжь лъэпкъым и бзэ IэфIыр
Бзэрабзэу сэ къысIуралъхьэжу...
Гугъэ-пщIыхьыфIыр мэлъэтэж,
Сэ хэхэс щIыгум сыкъонэж.

*США, Нью-Йорк*

**ДЭГУМЫКЪУЭ Орхьэн**

## АдыгэщI

Сыжейми, сыкъэушми,
Къурш щыгум сихьэу
сыкъежэхми,
Сыузыншэу сыщыуши,
Шэ схэлъыр щысхахыжми,
Адыгэ лъахэ, уэрщ си плъапIэр,
Уэращ сэ сиIэри гугъапIэу.

ГубампIэр игъэтIысу,
Зэхэсхми зы пшыналъэ,
Лъэпкъ псор щызэбгъэдэсу
ЩыслъагъукIи зы жьэгу пащхьэ,
Адыгэ лъахэр, нартыжь хэкур
УщофIэрафIэ уэ си нэгум.

*Германие, Берлин*

**Іуащхьэмахуэ бгым и ищхъэрэ лъэныкъуэм и теплъэр**
**Хы курытым и щхьэфэм щегъэжьауэ урыс фут 16330-рэ и лъагагъщ**

**а) къэбэрдей Чылар - фут 16330-рэ**

**в) зиусхьэн Ленц - фут 15693-рэ**

**с) зиусхьэнхэу Купфер, Менетрие, Майер Бернардацци - фут 14427-рэ**

*Зэрилъагъум хуэдэу мэкъуауэгъуэм и 21-м сурэтыр ищІащ бригадэм и поручик* **Щербатов Александр**



# Іуащхьэмахуэ и щыгу япэу ихьэфа Хьэшыр Чылар

1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м (зэманыр иджы къызэрыдбжымкІэ) Хьэшыр Чылар Іуащхьэмахуэ дэкІащ. Илъэси 112-кІэ, удз къытекІэжарэ укъемыджэфын жыхуиІэм нэсауэ, а Іуэху къызэрымыкІуэм теухуа псалъэ гукъинэжхэр мывэм ихъумащ. Экспедицэм увыІэпІэ ищІа щІыпІэм деж апхуэдиз зэманкІэ щылъа абрэмывэр XX лІэщІыгъуэм къагъуэтауэ щытащ совет альпинистхэм. Мывэр щагъэкъабзэм мы тхыгъэр къыщІэщащ:

«Урысейм и пащтыхь Николай I и пащтыхьыгъуэ зэманым мы щІыпІэм, 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 8 - 11 махуэхэм къыщыувыІащ Кавказым къулыкъу щызыщІэ дзэхэм я Іэтащхьэ, Кавалерием и генерал Емануель Георгий; абы дэщІыгъуащ и къуэр - илъэс 14 ныбжьым ит Георгий, Урысей Правительствэм лІыкІуэ ищІа академик гуп: Купфер, Ленц, Мейер, бгы корпусым и къулыкъущІэ Вансович, Минводы щыщ архитектор Бернардацци, Мэжэрым щыщ дунеяплъэ Бессе. Академикхэм Бернардацци ядэщІыгъуу фут 8.000 (сажнэу 1,143-рэ) хъу хым и щхьэкІэ щыІэ увыІэпІэр къызэранэкІри, мазэм и 10-нэ махуэм Іуащхьэмахуэ фут 15.700-кІэ (сажнэу 2,243-рэ) дэкІащ, щыгум - фут 16.330-м (сажнэу 2,333-рэ) нэсар адыгэ щІалэ Чыларщ. Мы мывэм ди ужькІэ псэунухэм яхуреІуатэ Іуащхьэмахуэ и щыгум, иджыри къыздэсым зыми химыгъэщІам, лъагъуэ хэзышахэр хэтми!».

Дзэм хэт поручик Щербатовым Урыс пащтыхьым и штаб нэхъыщхьэм и канцелярием и унафэщІ генерал-майор Шуберт хуигъэхьа тхыгъэм мыпхуэдэу щыжиІэрт:

*«Зы цІыху закъуэщ, адыгэ щхьэхуитхэм ящыщу, сыхьэт 11-м ирихьэлІэу щыгум нэсар. СыхьэтийкІэ гъуэгу тетащ ар. Апхуэдэ лІыгъэм къыпэкІуэу Хьэшыр Чылар саугъэту хуагъэфэщащ дыжьын соми 100.*

## Гъуэгугъэлъагъуэ

**Альпинисту ар щытакъым,**
**Бгы дэкІыни и мыІуэхут.**
**Хамэщ1 цІыхухэр къыщелъэІум,**
**Гъуэгугъэлъагъуэ ар яхуохъу.**

**Іуащхьэмахуэ ныдишыну,**
**Абы ахэр ирешажьэ.**
**Ауэ бгыщхьэм нэс дэкІыну,**
**ЗылъэкІар езым и закъуэщ.**

**Пшэ зэпцІахэм къахуеплъыхыу,**
**Бгым и щыгум зыщиплъыхьт.**
**АдыгэлІым, игу пымыкІыу,**
**Къыхуихьауэ лъэпкъым щІыхь.**

**БАЛЭ Хьэзрэт-Алий.**
*Къуэшыркъуей къуажэ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ. Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 19.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 2.191
Заказ №937